


## KUGADZWA <sup>3</sup>

 . . . Neville. Mangwanani akanaka, kirasi. Tine mufaro wakanyanya kudzoka zvakare kukukwazisai zvakare muZita riya rakazvikwanira muna zvose raIshe Jesu. Tichivimba kuti makave nesvondo rakanaka rekurumbidzwa kwaKe pamwe nemaropafadzo.

<sup>2</sup> Ndichangopinda mangwanani ano, ndasangana nekakomana kadiki uko uye kandipa kachivezwa keNgirozi inochengetedza yakarinda vana vadiki vaviri. Uye handina kunge ndaziva kuti uyu anga ari wekwaDaulton, mukomana mudiki wekwaDaulton.

<sup>3</sup> Uye pano mavhiki mashoma apfuura, kana mashoma . . . Angangoita mavhiki maviri apfuura, paiva nababa, baba Mukristu, vakakumbirira mwanasikana wavo achangoyaruka uyo akange asati ava Mukristu, pavaiva vakamira mumutsara wekunamatirwa. Zvino Mweya Mutsvene wakataura nemo, “Ndi—Ndinokupa mwana wako.” Zvino heunoi aripo mangwanani ano, akaponeswa uye akabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu, agere papuratifomu, sezvakangotaurwa noMweya Mutsvene. Uye vamwe vana vose vakangogarawo ipapo. Ndinoziva mhuri yekwaDaulton iri kufara.

<sup>4</sup> Onai mudzimai mudiki ari apo uyo akaitirwa munamato wekamwana musi weSvondo wapfuura, aifungidzirwa kuti akange ari kuzofa. Ndinoona kuti kachinesu mangwanani ano, uye tinofara zvakanyanya naizvozvo, hanzvadzi. Vaifungidzira kuti kaiva nechirwere chinopedza simba munyama dzako, asi kakange kasina. Nokudaro tiri kutenda zvakanyanya.

<sup>5</sup> Tiri kuona shamwari dzedu dzese dzakanaka. Ndinorangarira murume uyu ari pano achiuya kwandiri munguva yokukururirana pasina vamwe pa—paChautauqua imwe nguva, ndinotenda kwaiva ikoko. Ndakava nekudya kwemangwanani nemi nemudzimai wenyu nevana wenyu, ndinotenda kudaro . . . kana kuti imi nemudzimai wenyu, kana vana, hongu, naivowo. [Imwe hama inoti, “Middletown.”—Mupepeti] Middletown, paya . . . Asi isu tose . . . ndinokanganwa zita iroro, nekudaro ndinongoridaidza kuti Chautauqua. Hongu, changamire. Vazhinji veshamwari dzangu dzakanaka.

<sup>6</sup> Hama Charlie Cox naHanzvadzi Nellie vari nechepano apa, avo vanga vari musha wechipiri kwandiri, uye hapana chimwe asi munogona kuva vana vangu chaivo. Ndinoenda zasi ikoko, ndiko kwandinopedza nguva yangu zhinji ndichizorora, zasi ikoko. Ndiye nyanzvi yekuvhima tsindi muKentucky kana ndichinge ndiri muIndiana. Uye nekudaro Indiana . . . Uye Charlie, ndiri kukuudza kuti ndiri kungoshuwira, ndiri kunzwa

zvakananyanya sokuti ndinofanira kubata hove shoma dzemhando yegwaya rine mavara-mavara kana gwaya rine mitsetse ndisati ndatanga kumusoro uko. Ndiri kungonzwa zvakananyanya kuti ndinokwanisa kuzviita kwazvo.

<sup>7</sup> Hama Parnell...Par...Arnett, vanobva kuLou...South Carolina. NaHama...Haiwa, panongova nevakangosiyana-siyana vakawanda pano vabva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, avo vauya mangwanani ano kuzotishanyira.

<sup>8</sup> Munoziva, isu hatina vatinoti ava ndivo nhengo dzepano. Tinongova nekuyanana mumwe nemumwe, apo Ropa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, rinotichenesa kubva mukusarurama kwose.

<sup>9</sup> Zvino, tiri kuva nekunzvera kwakanaka kwazvo, kwakangonakisisa. Uye tiri, zvisinei ini ndiri...kuziva kuti ndiri kuzvifarira, uye ndinoziva kuti imi mose muri kuzvifarirawo zvakare. Dzimwe nguva ndinotanga muzuva rose, kutaura nezvazvo kana kuverenga nezvazvo, ndinotora dzingaita ndima mbiri ndotanga kupinda nemuMagwaro uye, chinhu chekutanga munoziva, ndinenge ndabata kubva muna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, ndichiri kungoenda.

<sup>10</sup> Uye, munoziva, ndichada kuzatora nguva apo patinozokwanisa—apo patinozokwanisa kutora Bhuku ra—raVaHebheru, uye tongotora sokunge...Zvakanaka, apo mwaka wekuvhima tsindi watanga, semuna Gunya-...sokunge muna Gumi-...Nyamavhuvhu, munoziva, zvino toenderera mberi kusvikira panguva yekuenda mhiri kwemakungwa, husiku hwoga-hwoga tichingova muBhuku raVaHebheru, kana Bhuku reEksodho. Kuti Mwari, Eksodo, achiburitsa vanhu vaKe kubva muEgipita, eksodho! Mufananidzo wakanakisisa kwazvo wedu tichigadzirira zvino eksodho yedu. Chiri, oo, chinhu chakanakisisa kwazvo. Gwaro rose rinosunganidzwa pamwe chete, uye Rungano rumwe chete rukuru.

<sup>11</sup> Zvino, mangwanani ano tiri—tichiri muBhuku ra... Tanga tichizatora zvitsauko zvitatu zvekutanga zve—zveBhuku raVaEfeso. Tsamba yaPauro kuVaEfeso avo vari paEfeso, achiedza, kuisa chechi panzvimbo yayo. Zvino tisati tapinda mariri, tingatsaura here imwezve nguva imwe kana mbiri kuitira munamato, tisati tadaro.

<sup>12</sup> O Ishe, Mwari wedu, tiri kuuya muHupo hweNyu zvino, tisingakodzeri sezvatiri, asi zvakadaro tinoziva kuti pane Chibayiro cheRopa chakamirira ikoko, chichitichenesa kubva mukusachena kwose, uye chichitiendesa pamberi paBaba, tisina mhosva, tisina chipomerwa. Pasina chinhu chataikwanisa kubvira taita kuti tikodzere izvi. Asi nokuda kwekuti Jesu akatiitira izvi, tinokotama tichizvininipisa muHupo hwaKe pamwe neZita raKe, tichikumbira kuti Mugotuma Mweya Mutsvene mangwanani ano pakati pedu. Uye sezvo

ndisiri mudzidzi webhaibheri kana kuziva kuisa Rugwaro muhurongwa, asi ndichingofadzwa nekutenda kumanzwiwo oMweya Mutsvene apo Unenge uchifamba nemandiri, dai Watiropafadzwa tose pamwe chete apo tinenge tichiverenga Shoko reNyu rakanyorwa, kuti Rigova kwatiri Hupenyu Husingaperi. Zvitenderei, Baba. Tinozvikumbara nemuZita raJesu uye nekuda kwaJesu. Ameni.

<sup>13</sup> Zvino ndingataura muno umu, kutanga, kuti kana nguva ipi zvayo yandingataura chimwe chinhu chinozenge chakapesana, chisina kunyatsomira zvakanaka, zvichida chisiri icho zvachose kudzidziso yenyu, kana chimwe chinhu chamusingagoni kuwirirana nacho, ndiri kuvimba kuti Mweya Mutsvene, Uchaita kuti chinge chakanyatsorongwa uye chive nekutapira kwakanyanya kusvikira pasisina... pasave nechigumbuso zvachose. Maona? Kuti zvicha—zvichazova kuburikidza nerudo nekuyanana, izvi ndizvo zvazviri... Zvinofanira kuva nenzira iyoyo.

<sup>14</sup> Uye izvi zvose zvakatanga nemharidzo yemusi weSvondo wapfuura, ndinotenda akanga ariwo, mangwanani eSvondo yakapfuura, inonzi *Mambo Akarambwa*. Pane ati awana tepi yacho here? Ndinofunga kuti vanawo, uye munokwanisa kuva nawo kana muchiada, *Mambo Akarambwa*.

<sup>15</sup> Zvino mumazuva mashoma tichange tichitangira pa... kumusoro paMiddletown, Ohio. Tinoda kuti avo vose vane—vane mazoro avo akarongerwa nguva iyoyo kuti vave nechokwadi chekusangana nesu ikoko, nokuti tiri kutarisira nguva inoshamisa yekuyanana paMiddletown, Ohio. Chiremba Sullivan ndivo sachigaro, ndinofunga, pamusoro pekomiti. Uye kuchava nehushu hushanu wahwo, ndichange ndichiparidza se—semutauri akakokwa paKonivenisheni Yenyika dzose yechechi inosanganisira Masangano ose. Uye zvino—zvino mushure macho, kuchazenge kwava nemusangano wedu isu kubva ipapo zvichienda mberi. Takauronga kusvikira musi wegumi nemaviri, asi tiri pasi pekunzwisisa kuti tinokwanisa kuenderera mberi kunyange kwerimwe svondo shure kwaizvozvo, zvichangova maererano nekutungamirira kweMweya Mutsvene. Tose tinoda kutungamirirwa noMweya; izvo zvacho zvinotaurwa noMweya kuti uite, zvino zviite nekukurumidza.

<sup>16</sup> Uye ngatirangarirei apo patinenge tichiteerera Mweya, chidzidzo chikuru chimwe chete chatinoda kudzidza, ndechekuti usafa wakaita zvechimbi-chimbi. Munooni, tora nguva yako, iva nekutenda. Kana tichinge takumbira Mwari chero chinhu, rangerirai Mwari anopindura munamoto. Anozviita munguva yaKe, nenzira yakanakisisa, oiita kuti zvinyatsotishandira zvakanaka. Uye kana zvisina kudaro, zvino tiri kuitei pano mangwanani ano? Chii—chii chatiri kutaurira kuti tiri Makristu? Mwari... Kana iri risiri Shoko raMwari, zvino

haRisi rechokwadi, zvino tinozowanika pakati pevanhu tiri avo vakanyanyisa kusuwa.

<sup>17</sup> Ndinofara zvikuru kubatana mumwoyo nevakawanda pano vanoziva kuti iRi iShoko raMwari risingakundikani. Zvino iRo, iRo Shoko roga-roga iChokwadi, Shoko roga-roga raRo, chikamu chose chaRo. Uye nenyasha dzaMwari, ndakawana mukana wekuona Nyika iyo yatichaenda kwairi rimwe zuva.

<sup>18</sup> Nezuro. Vanhu havazivi kuti inguva dzakadini dzekunzwa wakaderera mumoyo dzinouya nemhando yeshumiro ino. Ndakanyatsonzwa kuderera, zvino ndokuti kumudzimai wangu, “Ndinoshuva kuti dai ndangofanotungamira.”

Akati, “Sei wataura izvozvo, Bill?”

Ndikati, “Oo, pano ndine matambudziko nezvakadaro.”

<sup>19</sup> Zvino ipapo zvakaita sokuti Mweya Mutsvene wakati, “Uri kuedza kuanyenyeredza here? Uri here, uri kuedza kuanzvenga here?” Maona?

<sup>20</sup> “Kwete,” ndakati, “ingonditenderai kuti ndimire ipapo chaipo paari ose ndigomisidzana nawo. Munoono, kungo...” Maona?

<sup>21</sup> Zviri nani zvakanyanya. Mukutendeka, muzvokwadi, ndinotaura izvi nehuchapupu hwekuzvionera, kuti kana hupenyu huno hwapera, tinopinda muNyika inopfuurira chinhu chipi nechipi zvacho chingakwanisa kufungwa naaninani zvake. Zvino kana paine vaenzi pano, ndinovimba kuti hamudaro... Ndinonamata kuna Mwari kuti musandiona semupengereki. Ndi—ndinoda, kana paine chinhu, kuva ndakatendeka uye nekutaura Chokwadi. Zvino zvinozondibatsirei kuti nditaure chimwe chinhu chisiri icho, ipo paine zvaka—paine zvakawanda zviri pano zviri Chokwadi? Isu, ko isu tingataurei chero chinhu chisiri icho pamusoro pachochi? Maona? Ichochi, Chinongova Chokwadi.

<sup>22</sup> Uye, ndosaka, ndinotenda Pauro akatakurwa kukwira mudenga rechitatu, akaona zvinhu zvaisafanira kuti ataure pamusoro pazvo. Uye rimwe zuva akati, “Ziso harisati raona, nzeve haisati yanzwa, kanawo kuti hazvisati zvatombopinda mumwoyo wemunhu, izvo Mwari zvaainazvo zveavo (zvachachengeterwa) vanoMuda.”

<sup>23</sup> Oo, tiri kungorarama...Tiri kurarama munzvimbo inorasirwa marara zasi kuno, ndizvo zvega, inongova murwi wemarara wakazara ne—nehutsi huri kupfungaira kubva mutsvina. Ye...Kunyange kana isu tisina kusvibiswa nayo pachedu, tiri kurarama mairi, umo chiutsi chiri kubva pamarasha echivi ari kupfungaira. Chimwe chezvinhu zvinonyanyorwarisa chandingafunga pamusoro pachochi, inzvimbo yekare yekurasira marara yeguta iri kubvira. Wakambobvira waenda pedyo neimwe here? Iko kunhuwa kwakaipisisa,

kune tsvina kwehutsi huri kusimuka kubva pamhando dzese dzetsvina. Zvino—zvino ukafema mweya wacho, unokudzinga wobva wadzokera.

<sup>24</sup> Ndinorangarira apo ndaifanira kudzika ndichienda kuNew Albany, zasi pa . . . zasi kweEighteenth Street, uko kwaimbova nenzvimbo yemarara yekare, uye ndaifanira kunitora zasi imomo nekuverenga mamita. Uye ndaitozeza zuva randaifanira kuenda, negwara regumi nesere, apo ndaifanira kudzika ndichindoverenga ikoko, nekuti ndaizofemedza munhuwi uya wakaipisisa. Uye zvakadar, paiva nemitumbi yemakonzo nembuwa nezvimwe zvose, munoziva, izvo zvaipfungaira uye nechutsi chiya chaisimuka chichibva neimomo.

<sup>25</sup> Zvino, zvakadar, ndizvo zviri hupenyu huno kana huchienzaniswa, pahwakanakisisa. Hunongova kupfungaira, chivi chichingonhuwa kubva kwese-kwese, tingati, tichitaura pamweya. Asi, oo, uko mhopo inovhuvhuta isina chinoikanganisa, uye zvinhu zvese zvakaisvonaka uye nerugare nemufaro neHupenyu Husingaperi, zvingori mhiri kwerwizi. Asi tiri muhondo, nekudar ngatisangozorora toti “ngatikurumidzei tisvike mhiri uko,” ngatiunzei pamwe chete nesu munhu wese watingakwanisa kuunza. Hongu.

<sup>26</sup> Uye zvino chinangwa chezvidzidzo izvi ndechekuisa hoko pane avo vakatoyambukira mhiri nechekare kuNyika yacho. Chinangwa cheku, kunzvera Bhuku iri raVaEfeso, ndechekuisa chechi panzvimbo apo inonyatsomira zvakakwana muna Kristu. Mufananidzo weTestamende Yekare neBhuku raJoshua, apo Joshua akagovera. Musi weSvondo wapfuura takava nazvo, apo Joshua akagovera nyika kumunhu woga-woga. Uye akazviita nekufemerwa.

<sup>27</sup> Kuti Mosesi aiva sei . . . akaburitsa vanhu kubva muEgipita, magari, marikisi, kunze, ndokuvapa nzvimbo iyo yakange yavimbiswa naMwari mazana mana emakore pamberi . . . kana kuti makore mazana mana kumashure, kuti Aizovaunza munzvimbo yacho, nyika yakanaka yaierera mukaka neuchi. Zvino Mosesi akatungamirira vana veIsraeri kunyatsosvika panyika yacho, asi haana kuzovayambutsa.

<sup>28</sup> Uye Jesu, kune yepamweya, kune vanhu vachazova . . . takavimbiswa Mweya Mutsvene kubva pamavambo, Jesu akatitungamira kusvika pavimbiso. Asi Mweya Mutsvene wakauya, saJoshua, kuti utore basa nekutungamirira nekuraira gwara nekutora nyika, kana kuti kutora chechi. Tinonyatsoona, chaizvoizvo, ipapo, kuti mune yedu . . .

<sup>29</sup> Zvino apo ndipo, zvichida, vanhu vanogona kufunga kuti ndinotaura nenzira inogodora uye ndinoedza kusaremekedza hama. Handisi kudaro! Mwari ngaave Mutongi wangu, handisi kudaro. Maona? Ndiri kungoedza bedzi kuratidza chimwe chinhu chinova Chokwadi. Maona? Takasarudza vatungamiri,

vevanhu, panzvimbo yekutungamirira, vatungamiri, hutungamiri hwoMweya Mutsvene. Takada kuti vanhu vatipe mugove wedu uye nekutungamirira, masangano akaita seMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, Church of Christ, vePentekosti, nemamwe masangano akasiyana-siyana, kuti vaise sangano semuenzaniso, zvino tinotevera izvozvo. Asi tiri . . .

<sup>30</sup> Hakuna muBhaibheri patinofanira kuita saizvozvo. Hakuna kana chinyorwa chimwe cheGwaro, muBhaibheri rose raMwari, apo Akambobvira aita chechi sangano kana apo Akabvira ambotaura pamusoro pesangano, hapana kana nzvimbo imwe chete muBhaibheri. Asi nguva dzose anotopesana naro. Haadi kuti tifanane nezvinhu zvenyika. Anoda kuti tinge takasiyana, takatsaurwa.

<sup>31</sup> Handirevi zvino kuti toita “hupenzi,” sematauriro atinozviita. Ndinoreva kuva vanhu vakadanirwa kunze, oo, rudzi rutsvene rwakaropafadzwa, rwuri kurarama hupenyu husina chinoshorwa, tichiita, tichizvibata chaizvo sezvaAizoita, achishanda ari matiri, nokuti tiri humhizha hwaKe, takasikwa muna Kristu Jesu kuti tiite mabasa akanaka.

<sup>32</sup> Zvino, husiku hweChitatu, vazhinji venyu makange musiri pano Chitatu manheru, asi takapinda mune . . . Ndinotenda indima 3 kana kuti . . . Kwete, indima 5.

. . . *kuti* tigadzwe, kana kuiswa kwevanhu munzvimbo . . .

<sup>33</sup> Zvino kuti Mwari, achiedza kuisa vanhu vaKe panzvimbo. Uye kana Mwari akaisa mumwe panzvimbo, ipapo, oo, chechi yose inobva yada kuva saiyeve, vova nemhando yezvinhu zvimwe chete, voita zvinhu zvimwe chete. Takaumbwa zvakasiyana, takagadzirwa zvakasiyana, tine hunhu hwakasiyana, uye tinoiswa munzvimbo dzakasiyana, mumwe nemumwe kune basa rakasiyana; zvichida mumwe kune kamwewo kabasa kadiki, mumwe pane basa rakakura. Ndinotenda aiva Dhavhidhi kana mumwe wavaporofita, ndakanganwa zvino, akati, “Ndingasva hangu ndave chitsiko chepamusuwo paImba yaIshe, pane kuva . . . pane kugara mumatende pamwe chete nevakai . . . nevakaipa.”

<sup>34</sup> Zvino tichamira kwekanguva kadiki pane kugadzwa, ndima 5, tichaedza kudzika zasi semakwanisiro atingaite. Asi zvino rangarirai dingindira racho, riri zvachose pakuisa panzvimbo. Vangani vari kuzvinzwisisa izvozvo? Ngatikunzwei muchizviture neshoko rimwe chete. Kuisa [Ungano inoti, “Kuisa”—Mupepeti] Mutumbi [“Mutumbi”] waJesu Kristu [“waJesu Kristu”] panzvimbo yawo [“panzvimbo yawo”] muna Kristu [“muna Kristu”] apo Mweya Mutsvene [“apo Mweya Mutsvene”] uri kutitungamirira. [“uri kutitungamirira.”]

Hezvoka izvo, zvino tazvibata, munoona. Uchitiisa panzvimbo, Bhuku raVaEfeso richazodaro.

<sup>35</sup> Zvino tarirai mudzidzisi mukuru uyu, Pauro. Chinhu chekutanga chaanoita ndechekubvisa pfungwa yose yekutsaukira kunze. Anobvisa pfungwa yese yekuti “ndiri Mukristu nhasi uye mangwana handichisiri, uye zuva rinotevera Mwari ondipomera uye zuva rinozotevera ndodzokazve.” Izvozvo hazvina maturo! Zvino iri ndiro. . . Bhuku iri harina kunyorera kune dzidziso dzekuvhangeri, mharidzo dzevavhangeri. Hatidaro. . . Handiparidze izvi muminda yekuvhangeri. Ndinounza izvi kucheche, nokuti Pauro akainyorera kuvatsvene, avo vakadanwa uye vakachengetedzwa, uye vakazadzwa uye vakatsaurwa, uye vari muMweya Mutsvene, vatove kare muNyika yeKenani. Ari kuedza kuvaudza, chinhu chekutanga, bvisa mupfungwa dzenyu kuti muchazorasika uye kuti muchaita *izvi*, uye munoty *izvi*. Musatye kana chinhu, nokuti ari kuedza kukuudzai kuti muri papi, muri vana ani, makamira sei.

<sup>36</sup> Zvino, unogona kuita zvinhu zvisizvo, uye nguva yese yaunoita chero chinhu chisiri icho uchawana mubhadharo wacho. Hongu, changamire, uchakohwa zvaunodyara! Asi izvozvo hazvina kana chinhu chimwe chete chekuita neruponeso rwako. Kana uchinge waberekwa noMweya waMwari, une Hupenyu Husingaperi uye hauchakwanisi kufa saMwari asingakwanisi kufa. Uri chikamu chaMwari, uri mwanakomana waMwari.

<sup>37</sup> Ndakaberekwa ndiri wekwaBranham. Unogona kundipa rimwewo zita, rimwewo zita, asi hazvitombondideredzi, ndichingori wekwaBranham. Ndakaberekwa ndiri wekwaBranham, ndichagara ndiri wekwaBranham. Ndicha. . . Ndinogona kuremadzwa chimiro zvakananyanya rimwe zuva, ndakakokonyadzwa nearthritis, ndoita tsaona ndobvarurwa-bvarurwa kusvikira ndinoratidzika semhuka, asi ndinongoramba ndiri wekwaBranham! Sei? Ropa rekwaBranham riri mandiri.

<sup>38</sup> Ndizvo zvaUri. Uye chero bedzi Mwari akakuita. . . Zvino rangarirai, handisi kutaura kune avo vari kunze kwaKristu. Ndiri kutaura kune avo vari muna Kristu. Unopinda sei muna Kristu? “NoMweya mumwe chete!” Vara guru Mweya yese. . . zvinoreva, “NoMweya Mutsvene mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.” Tinoita sei. . . Tinopinda sei? Nerubhabhatidzo rwemumvura here? Ndinopesana zvakadini nemi maBaptisti nemi veChurch of Christ. Kwete nerubhabhatidzo rwemumvura, kwete hazvibviri! VaKorinde Vekutanga chitsauko 12, yakati, “NoMweya mumwe chete, Mweya Mutsvene, tinounzwa muMutumbi uyu.” Uye takachengeteka sekuchengeteka kwakaita Mutumbi uyu. Mwari ari. . . akazvivimbisa.

<sup>39</sup> Ko Mwari angaMutonge zvakare sei, apo Akaenda kuKarivhari? Achikwira Gorogota, Akarohwa, akakuvadza, haAikwanisa kupodza, haAikwanisa kana kultura shoko rimwe, zvachose. Nechikonzero chei? Akange Aine zvivi zvenyika paAri. Kwete nekuti Aiva mutadzi, asi “Akaitwa chivi” kuitira iwe neni. Zvivi zvose zvenyika kubva kuna Adhamu kusvikira pakuuya kwaKe, zvakazorora pafudzi raKe. Uye Mwari akange asiri kuranga Mwanakomana waKe. Akange achiranga chivi. Munoono kuti chakange chakaipisisa zvakadini? Akange achiita yananiso. Akange achigadzira nzira yekupunyuka nayo kune avo vose Mwari, nekufanoziva kwaKe, akaziva kuti vaizouya. Tichapinda mazviri mumaminitsi mashoma.

<sup>40</sup> Zvino, ipapo, kana uchinge “noMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi uyu, muMutumbi mumwe chete, unova Kristu,” uye takachengetedzwa narinhi.

<sup>41</sup> Zvino, ndipo apo pazvinoita sezvisinganzwisisike, kunyanya va—va—vatendi vechiArmenia, kuti vari. . .vanofanira kuita chimwe chinhu pachavo kuti vagokodzera, kana chimwe chinhu chemubayiro. Zvingaitwa sei nezvinhu zviviri panguva imwe chete? Zvinofanira kunge zviri zvenyasha kana kuti zvemabasa, chimwe chete. Hazvikwanisiki kubudikidza nechinhu chimwecho, zvinoitwa nezvinhu zviviri zvakasiyana; zvinofanira kuitwa nechimwe chete. Icho. . .

<sup>42</sup> Ini, zvangu, handingokwanisi kuona chimwe chinhu kunze kwenyasha dzaMwari. Ndiwo maumbirwo angu. Ndakagara ndichitenda munyasha. Ndinongova nyasha pose hapo, ndizvo zvoga. Handi kuti ini—ini. . .kunyangwe muhupenyu hwangu, apo ndaiva mukomana, handaikwanisa kuona chimwe chinhu, nyasha dzoga, nyasha. Vanoti, “Ndi—ndicha. . . Ukakwenya musana wangu ndichakwenyawo wako.” Zvino, uku kultura kusina kunaka. Asi ini handina hanyin’a nekuti wandikwenya here kana kwete, kana wako uchida kukwenywa, ndichangokukwenya zvakadaro. Munoono, nyasha. Hongu, changamire. Munoono, nyasha dzinoshandana nerudo. Kana uine chauri kuda! Zvisinei nekuti hauna kumbobvira wandiitira chimwe chinhu, ini—ini handina chinhu chimwe chete chokuita newe, kana uchichida ndinongochiita zvakadaro. Nyasha! Nokuti uri kuchida!

<sup>43</sup> Ndaida kuponeswa. Hapana chinhu chaikwanisa kundiponesa. Hapana chinhu chandaikwanisa kuita nezvazvo pachangu, handaikwanisa kuti ndizviponese zvachose. Asi ndaida kuponeswa, nekuti ndaitenda mune mumwe Mwari. Zvino Mwari akatuma Mwanakomana waKe, akaitwa mumufananidzo wenyama inoita zvivi, kuti atambudzike panzvimbo yangu, zvino ndakaponeswa, nenyasha dzoga ndakaponeswa. Hapana chinhu chimwe chete chandaigona kuita, kana iwe kuita, kuti uzviponese. Uye avo vaAkafanoziva nyika isati yavambwa. . .



44 Takange tiri mazviri, Chitatu chapfuura. Takaratidza Mwari muhu Elah, Elohim hwaKe, uye tikaratidza kuti Aizviraramira ari woga. Asi mukati maKe maiva neHubaba, mukati maKe maiva nekwaniso dzakasiya-siyana, dzakaita seMuponesi, seMupodzi. Izvo zvose zvaiva muna Mwari, uye Mwari akange ari kurarama ari oga. Asi nokuda kwekuti Akange ari Muponesi, Akange ari Ba- . . . Akange asina Ngirozi, Akange asina chinhu. Kwakange kusina chimwe chinhu kunze kwaKe oga. Akange achirarama ari oga. Hapana chimwe chinhu chairarama kunze kwaMwari.

45 Asi nokuti Aiva Mwari, zvino panofanira kuva nechimwe chinhu chinoMunamata, nokuti Aida kunamatwa. Uye iYe Omene pachaKe akasika zvisikwa zvekuMunamata. Zvino, kwechinguva chidiki, ngatizvitore zvakare, kwechinguva chidiki zvino, hatisi kuzopinda nomuhuzaro hwazvo, asi muchazviwana patepi. Asi ipapo nokuti Aiva Mwari, Akagadzira Ngirozi, zvino Ngirozi dzikaMunamata. Ngirozi dzichiri kungoMunamata. Handiti, Ngirozi dzinomira muHupo hwaMwari dzine mapapiro ari muhurongwa, hutanhatu, mapapiro matanhatu. Dzinotakura maviri akafukidza chiso chaDzo, maviri akafukidza makumbo aDzo, uye dzinobhururuka nemaviri, muHupo hwaKe, dzichidanidzira masikati nehusiku, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Jehovha Mwari Samasimba.” Ndizvo zvinotaurwa neGwaro. DzakaMunamata, zvino ndokusika chimwe chinhu chekuti chiMunamate.

46 Zvino mukati maKe maiva nehunhu hweMuponesi. Zvaizokwanisika sei kuti chimwe cheZvisikwa izvi, apo pakange pasina chivi kana pfungwa yechivi, zvaikwanisika sei kuti imwe yaDzo irasike? Hazvaikwanisika. Saka pakatozogadzirwa chimwe chinhu chaigona kuti chirasike, kuitira kuti Agokwanisa kuva Muponesi. Mukati maKe maiva neMupodzi. Munozvitenda here kuti iYe Muponesi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munotenda kuti iYe Mupodzi here? [“Ameni.”] Asi ko dai pakange pasina chinhu chekuponesa kana kupodza? Munoono, pakatozogadzirwa chimwe chinhu nenzira iyoyo.

47 Saka zvino, iYe haana kumbobvira achigadzira nenzira iyoyo, asi Akaisa munhu pakuti azvisarudzire zvaanoda, “Kana ukatora *izvi* unorarama, kana ukatora *izvo* unofa.” Uye munhu woga-woga anouya panyika achiri kungoiswa pachinhu chimwe chete ichi. Mwari, nekufanoziva kwaKe, akaziva uyo aizodaro neuyo aisazodaro. Kana Mwari ari . . .

48 Mubvunzo wakabvunzwa nezuro nemudzidzi wezvebhaibheri, kwandiri, uyo ainge achiuya kumisangano kana kunzwa patepi, akati, “Mubvunzo mumwe chete!” Akati, “Zvino Mwari ari kwese-kwese here? Ipapo,” akati, “Anokwanisa kuva kwese-kwese here?”

<sup>49</sup> Ndikati, “Haasi kwese-kwese nenzira inotaurwa neshoko iro rokuva kwese-kwese. Haakwanisi kuva Munhu zvino agova kwese-kwese. Kana Ari kwese-kwese, sei uchizonamatira Mweya Mutsvene? Kana Ari kwese-kwese, Anozadza mutswe woga-woga, kona, pakatsemuka, chizenga choga-choga, tsinga, chinhu chese chiripo.” Ndikati, “Sei Akatsvaga Mosesi, kana Ari kwese-kwese, pahotera paya? Sei Akamhanya achikwira nekudzika mubindu reEdheni, achidanidzira, ‘Adhamu, Adhamu, uripiko?’ kana Ari kwese-kwese?”

<sup>50</sup> Ari kwese-kwese nokuda kwekuti Anoziva zvinhu zvose. Anoziva zvinhu zvose nokuti haAna muganhu, kusava nemuganhu kunoMuita kuti Ave kwese-kwese. Kuva kwese-kwese, zvino, kusava nemuganhu, zvino, Anogara kuMatenga. Anogara pane imwe nzvimbo nokuti iYe Munhu.

<sup>51</sup> Asi, nokuda kwekuti haana muganhu, zvino Anobva aziva zvinhu zvose. Anoziva nguva yoga-yoga apo nhata inobwaira ziso rayo. Anoziva zinyuchi roga-roga, apo parinopinda mumukoko kuti ritore uchi hwaro. Anoziva kadhimba kega-kega kakamhara mumuti. Anoziva pfungwa yega-yega iri mundangariro yako, nokuti haAna muganhu uye anoziva zvese. Ndiko kuti, haAngova Asina muganhu bedzi, Anoziva zvinhu zvise, Anoziva zvinhu zvise. Asi iYe Munhu, Mwari Munhu, zvino kubva muMunhu uyu ndokutanga kuunza izvi.

<sup>52</sup> Uye chivi, ndakataura humwe husiku, chivi hachina kusikwa. Hakuna chakasikwa kunze kwechaiva chakakwana. Mwari akasika zvinhu zvose zvakanaka. Chivi hachina kusikwa. Ndokuti, “Zvino, ndiko kwaiva kusikwa kwechivi chaiko.” Makambozvanzwawo izvozvo. Asi uku kukanganisa. Chivi... Pane Musiki mumwe chete bedzi, anova Mwari. Mwari haaikwanisa kusika chivi, nokuti iYe mutsvene uye hapana chiri maAri chekugadzira chivi. Chivi kutsveyamiswa; kwete chinhu chakasikwa, asi kutsveyamiswa. Hupombwe chiitiko chitsvene chatsveyamiswa. Nhema ichokwadi chataurwa zvisiri izvo. Chivi chipi nechipi, chivi chipi nechipi kururama kwakatsveyamiswa.

<sup>53</sup> Nekudaro zvino, Mwari agere. Akatozviratidza pachaKe nechekare, iYe ndiMwari. Akatozviratidza pachaKe nechekare seMuponesi, munhu akange arasika zvino Akamuponesa. Akatozviratidza pachaKe nechekare seMupodzi. Hazvina mutsauko wazvinoita izvo zvinotaurwa nevanhu kuti ndizvo zvaAri; uye ndizvo zvaAri, zvakadaro, zvimwe chetezvo. Iye Mupodzi, iYe Muponesi, iYe ndiMwari, Anogara noKusingaperi. Uye Ane chinangwa. Uye chinangwa chaKe chaiva, pamavambo, kugadzira zvisikwa izvo zvaizoMuda nekuMunamata.

<sup>54</sup> Zvino Akagadzira zvisikwa, zvino zvisikwa zvakawa. Zvino nekudaro Mwari, nekusava nemuganhu kwaKe, akatarisa achidzika nemuhwezva wenguva ndokuona munhu wega-wega aizoponeswa. Munhu wega-wega, Akazviziva nekufano-...

nekufanoziva. Nekudaro kana iYe, nekufanoziva, akaziva avo vaizoponeswa neavo vaisazoponeswa, Aikwanisa kufanotemera. Nekudaro, shoko racho harisi shoko rakashata zvakare, ndizvo here? Aikwanisa kufanotemera, nokuti Akaziva avo vaizova neavo vaisazova. Nekudaro, kuti agobata avo vaizoponeswa, Aifanira kugadzira ya—yananiso yezvivi zvavo. Oo, kana tikakwanisa, tinoda kusvika kwazviri, ndima shoma pazasi. Akafanotitemera kuHupenyu Husingaperi, achiziva avo vaizosendeka zvose parutivi, zvisinei kuti vazioratidzika sezvisina basa zvakadini kuvana venyika, hazvaizoreva chinhu chimwe chete kwavari, nokuti vaiva vana vaMwari. Zvino Akavadana.

<sup>55</sup> Uye Akatuma Jesu, kuti Ropa raKe rigova yananiso, yananiso yeRopa, kuita yananiso, kana kuti ku—kugamuchirwa, kana kuti kucheneswa. Chiitiko chekucheneswa nguva dzose. . . Kwete kwenguva imwe chete parumutsiriro rumwe chete, asi “chinorarama narinhi, chichireverera,” kuti Mukristu achengetwe akachena masikati nehusiku. Pane Ropa raJesu Kristu rinoita kuti pave neku—kugamuchirwa pamuchinjikwa apo, pa. . . muHupo hwaMwari, rinotichenesa nguva dzese, masikati nehusiku, kubva kuchivi chese. Uye takachengetedzwa tiri mukati. Takapfekedzerwa mukati sei? NoMweya Mutsvene, muMutumbi waIshe Jesu, uye takachengeteka. “Uyo anonzwa maShoko Angu nekutenda kuna Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi uye haafi akapinda mukutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu.” Hapasisina kutongwa! Mukristu haafi akaenda kunotongwa. Kristu akaenda panzvimbo yake. Gweta rangu rakandimiririra panzvimbo yangu. Akareverera nyaya yangu, kuti ndakange ndisingazivi. Akaudza Baba kuti ndakange ndisingakodzeri, kuti ndaingwe ndisingazivi. Asi Akandida Akatora nzvimbo yangu, ndokureverera nyaya yangu, zvino nhasi ndakasununguka! Hongu, changamire. Uye Akadeura Ropa raKe, kuti agopira ipapo kuitira zvivi zvedu.

<sup>56</sup> Rangarirai husiku hweChitatu chapfuura, hakuna Mukristu. . . Mukristu anoita chivi, asi mutadzi haakwanisi kuita chivi. Mutadzi haaiti chivi, nokuti mutadzi. Anongori mutadzi kubva pakutanga, uye ndizvo zvega. Pano, tora ku—kumashure kwebhuku rino, ndekweruvara rutema, chikamu chakadini charo chine ruvara rutema? Rose idema. Hapana pane ruvara ruchena pariri, idema. Iwe woti, “*Uhu* huwandu pano.” Kwete, hazvina kudaro, rose zvaro idema. Rose idema. Ndizvo zviri mutadzi. Akatopomwerwa kubva pakutanga. Zvino, unoti, “Ko kana akaita upombwe? Ko kana akabhinya mumwe mudzimai? Ko kana aka—ko kana akatamba njuga? Ko kana akapfura mumwe munhu?” Izvozvo hazvinei nesu. Izvozvo hazvinei nesu, tine mitemo zasi kuno inoshanda nezvakadaro. Hatisi vavandudzi, tiri vaparidzi veEvhangeri. Hatimupomeri maererano nezvaaita, hatimupomeri nekuita

upombwe. Tinomupomera nokuti mutadzi! Dai ari Mukristu, haambozviiti. Ndzivozvo. Kana akashandurwa, haazozviiti izvozvo. Asi nekuti mutadzi, ndizvo zvinomuita kuti aite izvozvo.

<sup>57</sup> Ipapo ndipo pazvinobvisa zvi—zvinotsigira kubva pasi pevezvemirairo. Hongu, changamire. Hama, rega ndikuudze, “Hazvisi zvemabasa, asi nyenya takaponeswa, uye kubudikidza nekutenda.” Hongu, changamire. Zvino, handipomeri hama dzezvemurairo, ihama dzangu. Uye vachange variko zvimwe chete zvakangofanana nevamwe vose vachange vari ikoko, nokuti Mwari akafanotemera Chechi yaKe kuti igovako. Asi zvingoripo, mu—munochengeta vanhu vasina kugadzikana zvakananyanya, vasingazivi chinhu. “Nhasi, zvakanaka, zvichida kana ini—ini...” Ingoita kuti vazive; chero bedzi vachingori nenzara yenyika, havako ikoko kubva pakutanga.

<sup>58</sup> Handirarami ndakatendeka kumudzimai wangu nokuti ndinofunga kuti anozondiramba. Ndinorarama ndakatendeka kumudzimai wangu nokuti ndinomuda. Chibvumirano chepamutemo chatakatora, chekuti tinodanana. Chekutanga, chisati chavapo, paifanira kunge paine rudo. Ndinomuda. Kunyangwe ndichitenda kuti kana ndikaita chimwe chinhu chakaipa, anozondiregerera, kunyange zvakadaro handaizombozviitawo. Ndinomuda.

<sup>59</sup> Ndiyo nzira yazviri naKristu. Kana ini—kana ini ndikararama...ndave nemakore makumi mashanu, kana ndikararama kusvika makumi mapfumbamwe kana zana, ndova nemamwe makore makumi mashanu ekuparidza; uye ndoregedza kuparidza zvachose, ndodzika ndonogara parwizi, ndakaponeswa zvakangodaro. Mwari akandiponesa nyenya dzaKe, ndisingakodzeri pane chipi zvacho chandaigona kuita, chandakaita, kana chimwewo zvacho. Ndinoparidza nekuti ndinoMuda uye ndinoda vanhu vaKe. Zvino ndicho chikonzero ndichiziva kuti ndakabva murufu ndichipinda muHupenyu, nokuti ndinovada uye ndinovatevera. Zvisinei nekuti vari muchinhanho chakadini, ndinovatevera zvakadaro. Ndinoenda kunovatora zvakadaro, ndichivazvuvu zvakangodaro. Kana vashumiri vakasabvumirana nazvo uye vamwewo vakasabvumirana nazvo, uye nemasangano akasabvumirana nazvo, izvozvo hazvindimisi. Pane chimwe chinhu! Hazvina kuMumisa! Akauya ipo pakati pekusatenda chaipo, uye hazvina kuMumisa, Akaenderera mberi zvakadaro. Ndzivo zvatinoita, tinobuda kunze kunovatora, tovabata zvakadaro. Zvisinei, tambanudza ruoko, bata zvakasimba, wobatisisa nesimba rako rese. Hauzivi kuti ndivanaani. Vanunure. Izvozvo zvinokonzerwa nerudo. Kwete nokuti “Ndinofanira kudaro,” asi nekuti ndinoda, nekuti iwe unoda.

<sup>60</sup> Unoti, “Ndinofanira kuenda kunogadzirisana nemudzimai uya, asi, ndinokuudza iko zvino, ndinofunga nokuti ndinoenda kuchechi ndinofanira kuenda kuti ndinozvigadzirisana.” Handizvo, iwe ndiwe unofanira kunge wakanaka, kutanga. Maona? Maona? Kana uchinge usina rudo rwaMwari mumwoyo mako, chimwewo chinhu chinokuita kuti uzive kuti wakanganisa, zvino unoenda—zvino unoenda wonozvigadzirisana naMwari. Zvadarwozonogadzirisana nemuvakidzani wako.

<sup>61</sup> Jesu akadzidzisa zvimwe chetezvo. Akati, “Kana ukauya paaritari, zvino paine...worangarira kuti pane chawakanganisirana nemuvakidzani kana hama, enda unogadzirisana naye, kutanga.”

<sup>62</sup> Zvino, zvino mumazera anozouya. Takava muhusiku hweChitatu, “kuratidzwa.” Tinozvibata zvakare mangwanani ano, mune “kuratidzwa kwevanakomana vaMwari.” Nemamwe mashoko, Mwari akamirira. Zvino pakuguma kwenguva apo tichamira tose pamberi paKe. Ngirozi hadzina kunge dzakararika. Hadzizozivi kufarira maropafadzo sezvatinaita, hadzina kumbobvira dzarasika. Asi ndinoziva zvandakabva mazviri, ndinoziva dombo randakavezwa kubva kwariri, ndaiva mutadzi. Iwe unoziva pawakavezwa uchibva. Zvino kana tawanikwa, ipapo tinozokwanisa kumira pamberi paMwari. Oo, richazova zuva rakadini!

<sup>63</sup> Tevere kugadzwa, kuiswa panzvimbo. Zvino, Mwari ari kuita izvi pabasa. Uye zvino dai ndikakwanisa kusvitsa izvi kwamuri, zvino totangira pano pandima 5, ndinoda kuIverenga.

*Akatitemera kare kuti naJesu Kristu tiitwe vana  
kwaari, sezvaakafadzwa pakuda kwaKe Omene  
kwakanaka,*

<sup>64</sup> Mufaro waMwari kuti aite kuda kwaKe, kugadza vana, kuisa panzvimbo. Zvino Ari kuitei? Ari kuisa Chechi yaKe panzvimbo. Chekutanga, Akadana chechi yaKe, Methodisti, Presbyteriani, Lutherani, Baptisti, achivadana. Zvino Akazoitei? Akatumira Mweya Mutsvene ndokuvapa rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene.

<sup>65</sup> Ndinoda kuti imi vanhu vechiPentekosti muburitse izvi kubva mumwoyo menyu. Pentekosti haisi sangano; pentekosti chiiitiko. Ndiwo Mweya Mutsvene. Haisi sangano. Hawaikwanisa kuita Mweya Mutsvene sangano. Haukwanisi kuzvigamuchira. Zvino mave nesangano ramunodaidza kudaro, asi Mweya Mutsvene unobva wanyatsobuda kunze wobva wakusiyai makagara pamuri ipapo, wongoramba uchingoenderera mberi. Maona? Pentekosti haisi sangano; pentekosti chiiitiko.

<sup>66</sup> Zvino Mwari akapa vana vaKe Kuzvarwa patsva, kubudikidza nerubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene. Vakauya pedyo-pedyo naRwo apo pavakazvichenesa, kubudikidza neNazarene, Pilgrim Holiness. Ndokuzouya muchiiitiko

chepentekosti, kana rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, kudzoreredzwa kwezvipo. Vakaenda vachitaura nendimi nekududzira ndimi, uye vakapiwa zvipo zvekupodza neminana, nezviratidzo nezvishamiso zvikatanga kufamba navo. Zvino ivo vana, vatori vana vaMwari. Vari panzvimbo muna Kristu. Vanova vana neKuberekwa. Zvino Kuberekwa patsva nekutendeuka pachaKo ndiwo Mweya Mutsvene.

<sup>67</sup> Hausati watombotendeuka kusvikira wawana Mweya Mutsvene. Ndizvo zvakataurwa neGwaro. Jesu akaudza Petro, bvunza ani hake, verenga Gwaro rako, akaruramiswa nekutenda muna Ishe Jesu, akava muteveri, muapostora. Jesu akamupa makiyi ekuHumambo. Uye Johani 17:17, Akavachenesa, akavapa simba, akavatuma kunze, vakadzinga madhimoni nezvakadaro, akavachenesa. “Vachenesei, Baba, kubudikidza neChokwadi cheNyu. Shoko reNyu ndiro Chokwadi. Ndinozvichenesa pachezvaNgu nokuda kwavo.”

<sup>68</sup> Ndiro rimwe remashoko anotapirisa andati ndambonzwa. “Baba, Ndinozvichenesa pachezvaNgu nekuda kwavo.” Munoziva here kuti Aiva nekodzero yekuti ave nemusha? Aiva munhu. Munoziva sei Aiva nekodzero yekuti ave nemudzimai? Aiva Murume. Aiva nekodzero kuzvinhu zvose izvi, asi Akati, “Baba, Ndinozvichenesa pachezvaNgu nekuda kwavo. Ndinozvichenesa pachezvaNgu.”

<sup>69</sup> Ndakataura nemumwe muparidzi mudiki nezuro, ndichazomuparidzira muhusiku hushoma hunotevera kumusoro kuno kune mugwagwa mukuru. Ndakamubvunza pamusoro pechimwe chinhu, akati, “Hongu, Hama Branham, asi vazhinji vevanhu vangu havatendi mune izvozvo.”

Ndikati, “Vazhinji vavo vese ndevemurairo here?”

<sup>70</sup> “Hongu.” Hama haitendi izvozvo. “Asi,” akati, “nekuda kwavo!” Oo, ndakada kumbundira mutsipa wake. “Nekuda kwavo, munoona, ndinozvichenesa pachezvangungu nekuda kwavo.”

<sup>71</sup> Oo, Jesu aidzidzisa varume vane gumi nevaviri, kuti kubudikidza nevarume vane gumi navaviri ava vaizoendesa Evhangeri kunyika dzese. Zvino Akati, “Nokuda kwavo Ndinozvichenesa pachezvaNgu.” Zvichenese kuitira muvakidzani wako, nekuda kwemumwe munhu. “Usashandisa rusununguko rwako sehanzu,” Pauro akadaro, “asi zvichenese!” Zvibate zvakanaka munharaunda, sezvinofanirwa kuitwa neMukristu chaiye. Kutaura kwako ngakuve kwekuti, kana ukasangana nemuvengi wako, zvichenese nekuda kwake, usingazivi zvaungazoita.

<sup>72</sup> Zvino kuisa mwanakomana panzvimbo. Chinhu chokutanga shure kwekunge mwanakomana avapo, anova mwanakomana, asi tinozoonza kuti mazvibatiro ake ndiwo aimusvitsa pakuzogadzwa, kuti aizvibata zvakanaka here kana kuti kwete.

<sup>73</sup> Uye ndeuyo mu—mupentekosti...Zvino ingonditenderai kuti ndikuratidzei kuti Pentekosti haisi sangano. Vangani maBaptisti vari muno vaimbova maBaptisti, avo vakagamuchira Mweya Mutsvene, ngationei maoko enyu. Maona? Vangani maMethodisti vari muno vakagamuchira Mweya Mutsvene, simudzai maoko enyu. Vangani maNazarene vari muno vakagamuchira Mweya Mutsvene, simudzai maoko enyu. MaPresbyteriani, vakagamuchira Mweya Mutsvene? Maona? MaLutherani? Mamwewo masangano, avo vaisava nhengo dzechipentekosti zvachose, avo vaingova nhengo dzerimwewo sangano, vakagamuchira Mweya Mutsvene, ngationei ruoko rwako. Maona? Saka zvinoka Pentekosti haisi sangano, chiitiko.

<sup>74</sup> Zvino, Mwari akakutora akakupinza muMutumbi waKristu. Zvino Anoita sei? Shure kwokunge wazviratidza, wazvichenesa nemazvibatiro ako akanaka, uchiteerera Mweya Mutsvene, zvisinei nezvaitaurwa nenyika.

<sup>75</sup> Ndi—ndichakwiza izvi zvine simba, munoona, nokuti... Handina chinangwa chekuti zvinge kusaremekedza. Ini—ini...ndapota regai—regai—regai zvirokwazvo, munoona. Musambofunga henyu kuti ini—ini ndakaomarara. Ini—ini handidi kudaro. Chinhu chinondinetesa, kutora vanhu ndovaparidzira Chokwadi ichi chakatumwa naMwari, uye ivo vofuratira vongoenderera mberi mukuita chinhu chimwe chete, uye voti vane Mweya Mutsvene. Izvozvo zvinotongopotsa zvakuparadza, munoona. Chii chinonetsa? Vanonyatsodzokera kuchinhu chimwe chete, sevana veIsraeri, vaida mambo kuti mambo uyu agokwanisa kuvatonga ovaita kuti vazvibate sevaAmori nevaAmareki nevaFiristiya.

<sup>76</sup> Munoziva here, madzimai, kuti zvakashata kuti mupfeke midhebhe? Munozviza here izvozvo? Munoziva here kuti zvakashata kuti mudimbure vhudzi renyu? Munoziva here kuti zvakashata, changamire, kuti muenderere mberi nekuputa nekuzvibata nenzira yamunozvibata nayo? Munoziva here kuti zvakashata kuti usava murume weimba yako, mudzimai wako oita kahasha okukavira kunze nepamukova zvino iwe woti, “Hongu, mwoyo wako uropafadzwe, mudiwa, ndichadzoka hangu”? Unoziva here iwe... Ungava sei mutariri paImba yaMwari iwe usingatombokwanisi kuraira imba yako? Ndizvozvo chaizvo. Unoziva here, hanzvadzi, kuti murume wako haangori murume wako chete, asi iye mutongi wako? Mwari akataura kudaro. Nokuti murume haana kunyengerwa, mudzimai ndiye akanyengerwa. Uye imi vaparidzi munoramba muchiita madzimai vafudzi nevaparidzi mumachechi enyu, muchiziva kuti Shoko raMwari rinozvipomera.

<sup>77</sup> Munoramba muchishandisa zita riya “Baba, Mwanakomana noMweya Mutsvene” kubhabhatidza, apo pasina kana kachimedu kadiki kweGwaro pamusoro pazvo muBhaibheri. Ndinoda muachibhishopi kana mumwewo munhu kuti

andiratidze apo chero mumwe munhu zvake muBhaibheri akambobvira abhabhatidzwa muzita rokuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Ndinoda mumwe munhu kuti andiratidze apo chero mumwewo munhu zvake akambobhabhatidzwa neimwe nzira kunze kweZita raJesu. Asi vaJohani havana... kubhabhatidzwa, vakabhabhatidzwa vachitenda kuti Aizouya, asi vakange vasingazive kuti Aive ani. Asi pavakangocherechedza izvozvo, vakatozouya kuti vazobhabhatidzwa zvakare muZita raJesu Kristu. Ndinoda mumwe munhu kuti... Nda—ndakakumbira veAssemblies of God, vamwewo vaparidzi, maBaptisti, maPresbyteriani, nezvose. Havadi, havadi kutaura pamusoro pazvo. Ndinoda kuona Gwaro racho.

<sup>78</sup> Uye zvino ndave uya “mupengereki,” huh, zvino ndave “kupenga,” ndarasikirwa nepfungwa dzangu, ndave “munhu anopenga,” nekuda here kwekuti ndiri kuedza kukuudzai Chokwadi? Zvino, izvi—izvi zvakatendeka, hama. Kana munhu akaperera kuna Mwari, kuperera chaiko, pane zvese, zvachose. Iwe—iwe—iwe—iwe unoiswa parutivi, wave—wave chisikwa chakasiyana.

<sup>79</sup> Vazhinji vakadanwa, vashoma ndivo vakasarudzwa. Hongu, vanhu vazhinji vakadanwa, unowana kudanja mumwoyo mako, “Hongu, ndinotenda kuti Mwari anondida. Ndinotenda Anodaro.”

<sup>80</sup> Asi, hama, izvozvo, uchange wakarasika zviri kure sevamwe vavo vose, nokuti vachauya ipapo nezva iroro, vachitoti, “Ishe, ndakadzinga madhimoni muZita reNyu. Ndakaita zvimwe zvose muZita reNyu. Ndakava neshumiro dzekupodza. Ndakaparidza Evhangeri. Ndakadzinga madhimoni.”

<sup>81</sup> Zvino Jesu anoti, “Ibva pano, haNditombokuzivi, iwe munyengeri. Ndeuyo anoita kuda kwaBaba vaNgu!” Sei vanhu vachitadza kuzviona? Zvino, ndinoziva kuti izvi zvinokwasha. Uye handi—handirevi kuti zvirwadze, handirevi kuti zvive saizvozvo. Asi, hama, ini—ini... .

<sup>82</sup> Zvinoratidzika kwandiri sekuti tava—tava panguva yekuguma, uye Mwari ari kugadza, achivaisa panzvimbo muChechi, muMutumbi waKristu, waKe. Zvino, hakusi kuzova nevakawandisa vaAnoisa imomo, ndinokuudzai izvozvo pakutanga. Unoti, “Oo, saka, pachave nohuwandu hwakakura kwazvo!” Asi Akava nemakore zviuru zvitanzhatu zvekuvaburitsawo, zvakare. Rangarirai, rumuko rwuchauya tichabvutwa pamwe chete navo. Vanongori vashoma vavo, munoono. Tsvaka ruponeso rwako, nekukurumidza. Zviongorore pachako ugoona kuti chii chakanganisika. Maona? Chionaka kungoti—kungoti dambudziko nderei. Ndinoziva kuti izvozvo—izvozvo zvakaoma, asi, hama, ndicho Chokwadi. Ichokwadi chaMwari. Kugadzwa!



<sup>83</sup> Tinofanira kunge tichitsvira Mwari zvakanyanya, tinofanirwa kunge tichienda masikati nehusiku. Hapana chinhu chinofanira kunge chichikwanisa kutimisa, uye tinofanira kunge tichitapira zvakanyanya uye tiine hunaku, tiine mutsa nekuva saKristu zvakanyanya muhupenyu hwedu. Zvinotora hupenyu hwamazuva ese. Jesu wakati, “Fungai hapa remusango, kuti rinokura sei, rinoshingaira nekuruka; asi ndinoti kwamuri Soromoni mukubwinya kwake kwose haana kushongedzwa sairo.” Soromoni aiva nehanzu dzaiva dzakashongedzwa nesiriki yakanakisisa nezvirukwa nezvimwewo, asi izvozvo—izvozvo hazvina . . . izvozvo zvakanga zvisiri izvo zvaAitura pamusoro pazvo. Kuti hapa rikwanise kukura, rinofanira kuti rishingaire masikati nehusiku. Chii chaunodira kuuya uchidzokera pano pamagumo madiki emutsara? Kana vakarurama vachiponeswa nepaburi retsono, ko achavepi mutadzi (ndeuyo asingatendi) neuyo asina humwari, uyo munhu anonzwa Shoko oramba kufamba maRiri? Zvino tichazoita sei? Maona? Zvino izvo . . .

<sup>84</sup> Iyi ndiyo, zvino, ino ichечи yedu. Tine vaenzi pakati pedu zvichida vana kana vashanu. Asi ino ndiyo chechi, ndiri kukudzidzisa imi. Izvi zvinoenda pamatepi. Ndiri kuda vanhu vanoteerera matepi, rangarirai, izvi ndezvekuchechi yangu. Kunze pakati pevanhu kunze uko, ndinoedza kuva murume kwaye ndichivaudza izvozvo, ndichingoedza kungogarawo imomo pokuti unovasvusvudzira mutupfungwa twavo twemukaka usina ruomba. Asi kana zvasvika pekuti tinyatsowaridza Chokwadi pasi, ngatiChiwaridzei.

<sup>85</sup> Kugadzwa, kuisa panzvimbo! Vari papi? Ndiratidzei kuti vari papi. Mwari achidana vana vaKe parutivi kubudikidza nekuratidza. Havafaniri kutaura kana shoko rimwe chete pamusoro pazvo, unoona kuti pane chimwe chinhu chaitika. Achiisa mwanakomana waKe panzvimbo, achimuisa muhurongwa chaizvoizvo nezvinhu zvimwe chete. Iye—iye anongova musimba rimwe chete, shoko rake rakangoita sereNgirozi huru, kutopfuura. Mwanakomana aigadzwa, aiswa panzvimbo yakakwirira, ogadzikwa ipapo, opfekedzwa dzimwe hanzu, oshandurwa ruvara rwake. Baba vaiita mutambo, voti, “Uyu mwanakomana wangu, kubva zvino ave mutariri wedunhu. Ndiye ave mutongi. Ari pamusoro pepfuma yangu yose. Zvese zvandiinazvo ndezvake.” Ndizvozvo. Zvino tinogona kudzokera kuna iye mumwe chete, Elah, Elah, Elohim, Elohim, munooona, apo Aiva achirarama ari oga. Zvadaro todzoka nemuna Jehovha Uyo akagadzira chimwe chinhu, Akapa munhu hutongi pamusoro penyika. Ko takamirirei? Kuratidzwa kwacho. Nyika iri kugomera. Ngatiendei pazviri tizviverenge. Zvakanaka.

. . . akatitemera kare . . . kusvika pakugadzwa  
 kwevana . . . naiye pachake, maererano nekufadzwa  
 kwaKe kwekuda kwake,

*Kuitira kurumbi-...pakurumbidzwa kwekubwinya  
kwenyasha dzake,...*

<sup>86</sup> Nyasha dzaKe chii? Kare kumashure uko, apo Akange asati ava Baba; nyasha dzaKe, rudo rwaKe, Akazvigadzirira mwana, kuti tigokwanisa kufanotemerwa kusvikira pakugadzwa kwevana, kuti nyasha dzaKe dzigorumbidzwa. Maona?

...umo maakatiita kuti tive tinogamuchirwa neuyo—  
uyo (Munhu) anodikanwa, anova Kristu.

<sup>87</sup> Ndokutiita kuti tigamuchirwe sei? NaiYe. Tinopinda sei maAri? NoMweya mumwe chete, tose tinobhabhatidzwa maAri. Teerera.

*Uyo watine rudzikinuro maari, tine rudzikinuro  
kubudikidza (nairo) ropa rake, kukanganwirwa kwe z-  
v-i-v-i...*

<sup>88</sup> Ko ungaparidza sei pamusoro pekufanotemera, kwekufanogadza kwaMwari nekuisa panzvimbo, kusara kwokunge paine yananiso yechivi pane imwe nzvimbo? Sei zvakadaro? Zuva roga-roga unokanganisa, zuva roga-roga unoitwa zvisizvo. Asi kana wakaberekwa patsva, murume kana mudzimai, paunenge wangokanganisa, Mwari anoziva kuti une urombo pamusoro pazvo. Unozomira muhupo hwe—hweMutungamiri wenyika Roosevelt kana mumwewo, woti, “Ndakanganisa, Mwari diregerereiwo nekuda kwechinhu ichi.” Sei? Uye ndipo pane yananiso yeRopa...

<sup>89</sup> Macherechedza kuti “z-v-i-v-i.” Mutadzi angori mutadzi, haaiti zvivi. Asi chechi inoita zvivi, inokanganisa, inoita pfungwa isiriyo, maonero asiriwo, inovhiringidza zinhu, inodzadzarika sekamwana kadiki kari kufamba, kachiedza kudzidzira kufamba. Hakasati koziva kufamba zvakanaka ipapo, nokuti kachiri kakomana kadiki. Asi tine Ruoko runosvika pasi kana tava...rwunotitora nekutidzikamisa, rwuchiti, “Famba nhanho iyi nenzira *iyi*, mwanakomana.” Haatisimudzi otirova nekuti takanganisa, Haatirovi kusvika pakufa nokuti tiri kuedza kufamba. Anotida semadiro atinoita vana vedu.

<sup>90</sup> Baba chaivo, vechokwadi havarovi mwana wavo apo anenge achiedza kufamba, kana achinge adonhera pasi. Vanosvika pasi chaipo neruoko rukuru rwune simba vobva vamusimudza, vatora maoko ose ari maviri vomubata, woti, “Iyi ndiyo nzira yaunozviita nayo, mwanakomana. Famba *seizvi*.”

<sup>91</sup> Ndiyo nzira Mwari yaanoita kuChechi yaKe! Anosveerera pasi paari omuisa muruoko rwaKe, omusimudza woti, “Famba *seizvi*, mwanakomana. Pano, rega—rega—rega kutaura saizvozvo, zvitaure seiZvi. Zvino, handina hanyn’a nekuti chechi inotaurei, kuti *uyu* anotaurei, kuti *uyo* anotaurei, iwe zvitaure seiZvi. SeiZvi, izvi ndiZvo! Kana Shoko raNgu richiZviparidza, nyatsogara naRo, wofamba naRo. Nyatsogara naRo. Usaite

hanyn'a nezvinotaurwa nevamwe vose, nyatsogara naRo. Famba seiZvi. Iyi ndiyo nzira yaunoita nayo nhanho dzako.”

<sup>92</sup> Zvivi zvedu; rudo rweyananiso kune zvivi zvedu, kana kuti hataizombofa takawana mukana. Tinokwanisa zvakadini kuisa hoko paMashoko aya!

. . .maererano *nekupfuma kwenyasha dzake;*

*Dzaa—akawanza . . .*

<sup>93</sup> Chii chinonzi “kuwanza”? Oo, ini zvangu! Apo iYe *akawanza*, “matutu makuru adzo.”

. . .*akawanza kwatiri mukuchenjera kwese*  
nokungwarira;

<sup>94</sup> “Kungwarira, huchenjeri hwose Akawanzira kwatiri.” Nehwose “huchenjeri,” kwete hwenyika. Huchenjeri hwenyika ino hupenzi kwaAri, uye huchenjeri hwaMwari hupenzi kunyika. Sezvakangoita masikati nehusiku, chimwe hachigone kuwirirana nechimwe. Asi apo zuva rinotanga kubuda uye mangwanani achiuya, husiku hunopararira kwosekwose. Zvino apo Chiyedza cheVhangeri chotanga kupinda, zvinhu zvose zvenyika zvinongotanga kunyangadika. Zvino chinoitei? Anowanza Chiedza chezuva pavana vaKe, vari kufamba muMweya, vachitungamirirwa noMweya waMwari, vakawanzirwa nyasha dzaKe, nekungwarira kwose nehuchenjeri, nzwisiso, nemaitiro ehuchenjeri ekuziva mafambiro. Paunoona kuti handizvo, zvino ngwarira pane zvaunoita, kuti sei iwe. . . Kana zvisizvo, ngwarira kunyangwe masvikire aunoita pazviri. Kungwarira! Nyatsoswedera pedyo, wonyatsova nechokwadi chekuti unoziva masvikire aunoita pazviri. Wakachenjera senyoka, usingakuvadzi senjiva. Ndizvo zvakataurwa naJesu.

<sup>95</sup> Oo, aya mabwe anokosha, shamwari dzangu! Tinokwanisa kugara paari zuva nezuva. Haashamisi here? Kungwarira, huchenjeri, Akazviwanza kwatiri, akadurura! Kwete kungotipa nekachipunu, asi akatora zifoshoro ndokuramba achingofoshorera saizvozvo. Akawanza kwatiri, huchenjeri nehungwaru hwenyasha dzaKe! Oo, nyasha dzinoshamisa, ruzha rwunotapira zvakadini!

*Zvino, dzaakawanza kwatiri nokuchenjera kwese . . .*  
kungwarira;

Shure kwokunge *atizivisa chakavanzika chekuda*  
*kwake, . . .*

<sup>96</sup> Ndiyani waAri kutaura naye? Masanganano here? Ndapota, hama dzangu, musafunga kuti ndiri kudzikisira sangano renyu, handisi kudaro. Ndiri kuedza kukuudzai kuti chinhu chakatsveyama kubva pakutanga. Jesu akati, “Endai munoparidza Vhangeri,” takaenda tikanogadzira masanganano.

Ndicho chikonzero tisinaRo, tiri kufamba muhuchenjeri hwevanhu. Dai Calvin aikwanisa kumuka!

<sup>97</sup> Zvirokwasvo, ndakamira nguva pfupi yapfuura pabwiro remurume mukuru, mumwe muvandudzi mukuru. Uye ndakafunga, aiva munhu mukuru akadini! Aive ari! Saka, izvo... Handingadaro... Akange ari John Wesley. Uye ndakafunga, dai John Wesley aigona kumuka kubva mubwiro iri nhasi agoona chinhanu chechechi yake, aizonyara nezita rake. John Wesley aiva murume aiva nehumwari, zimbe rakavhomorwa kubva mumoto, semadaidzire aaizviita. John Wesley aiva murume mutsvene aitenda muna Mwari, uye akafamba nhanho nenhanho achiMutevera. Asi shure kwokufa kwaJohn, vakati, “Tichaita chechi kuna John nekudaro tichava nechechi, uye tozoidaidza kuti chechi yeMethodisti nechikonzero chenzira yake yekuchenesa inova iyo basa rechipiri renyasha.”

<sup>98</sup> Zvino vakagadzira chechi, uye nhasi vanhu vemuchechi iyi vari kuramba zvose zvainge zvakamiririrwa naJohn Wesley. John Wesley akaparidza kupodza kwaMwari. John Wesley aitenda mukubhabhatidzwa noMweya. John Wesley aitenda mukudzoredzwa kwezvipo zvese. John Wesley, Martin Luther, nevazhinji vevarume ava vakuru vakataura nendimi pamwe nekududzira. Zvino, nhasi, ukataura nendimi muchechi yeMethodisti kana chechi yechiLutherani, vanokukavira kunze nepamukova. Dambudziko nderei? Munguva chaiyo yatinofanira kunge tichigadza vanakomana, dambudziko nderei? Vakagamuchira chimwewo chinhu, nokuti havazivi chakavanzika chaMwari. Uye havazombofi vakaChiziva kubudikidza neseminari!

<sup>99</sup> Regai ndikuverengerei zvimwe zvinhu. Zvakanaka here? Zvakanaka. Ngativhurei, ndine zvimwe zvinhu zvakanyorwa pasi pano apa. Ngationei kuti Pauro... Zvino, pano, heuno mudzidzisi weMharidzo iyi. Ngatiendei kuna Mabasa 9:5, kwechinguvana. Tererai kuti Pauro akawana sei Chizaruro ichi, pane izvo zvakaitika. Zvino, muna Mabasa 9 tinotanga kuverenga, sezvizvi. Ino ikirasi yeSunday school, saka tingaregererei—tingaregererei kuverenga? Ndizivisei kana ndichinge ndapererwa...?...

*Asi Sauro, achiri kufufuma achityisidzira...  
(Oo, kamuJudha kaya kadiki kakange kane mhuno yakakombama, kaiva nehasha dzakanyanya, kaine utsinye!)... achiuraya vadzidzi vaShe, akaenda kumuprisita mukuru,*

*Akakumbira kwaari magwaro ekuenda nawo  
Dhamasiko kusinagoge, kuti kana awana vamwe...*

<sup>100</sup> “Ndichaenda kunovatsvaga! Kana ndikangokwanisa kuvawana, vakomana, zvandichaita kwavari! Munoono, kana ndikangokwanisa kuvawana!” Asi akange akafanotemerwa!

<sup>101</sup> Unoziva sei kuti mubiki wekachasu uya ari zasi kuno haana kufanotemerwa kuHupenyu? Unoziva sei kuti chipfeve chiya chemumugwagwa icho chausingatombotauri nacho, unoziva sei kuti kakungomukwazisa kadiki nekumukoka kucheche hazvizomuiti mutsvene waMwari, mhiri uko muKubwinya? Apo...Unoziva sei kuti haasi? Ndizvo zvatisingazivi. Asi ndiro basa redu. Semuredzi wehove akakandira rutava rwake mugungwa ndokurwuzvuvira kunze, akaburitsa matatya, hove, madzvinyu, mabuwe emumvura, nezvose zvakadaro, asi zvimwe zvacho dzaiva hove. Akange asingazivi, aingokanda rutava. Ndizvo zvatinaita. Tarisai Pauro.

...achida *magwaro ekuenda nawo kuDhamasiko kumasinagoge, kuti kana awana vamwe vaiva munzira iyo, kana vainge vari varume kana vakadzi, azokwanisa kuvasunga ovaunza kuJerusarema.* (Hama, akange akanyatsokwasharara!)

*Zvino wakati ari parwendo, oswederera pedyo neDhamasiko: kamwekamwe akapenyerwa pamativi ose...*

<sup>102</sup> Kwakauya muprisita aikwira nemumugwagwa, Chiremba F. F. Jones, akati kwaari, “Unofanira kuva nechitiko chekuse—seminari iko zvino, mwanakomana, uye ndinotenda kuti Mwari anokwanisa kukushandisa”? Harainge riri Gwaro rinoratidzika zvakaipa kwazvo here, kuriverenga saizvozvo? Zvino, ndiyo pfungwa yakangofanana...handisi kuzvitaure izvi kuti zvisetse. Ndizvo, isu, zvinongova pfungwa yakafanana neyatinowana kubva mazviri muzuva ranhasi. “Unoziva, amai vako vakange vari mudzimai akanaka, ndinotenda kuti unokwanisa kuita muparidzi akanaka.” Tarisai zvakaatika.

*Zvino akati—zvino akati ari parwendo, oswederera pedyo neDhamasiko: kamwe-kamwe chiedza chakamupenyera pamativi ose, chiedza...(fiyuu, zvinotanga zviri zvepamweya)...chiedza chakabva kudenga:*

*Zvino akawira pasi, zvino iye akanzwa izwi richiti . . . Sauro, Sauro, unonditambudzireiko?*

*Zvino iye akati, ndiMi aniko, Ishe? Zvino Ishe akati kwaari, Ndini Jesu waunotambudza: uye zvinokuomera kupfura zvibayiso.*

*Iye akadedera pamwe nokushushikana akati, Ishe, munoda kuti ini...ndiiteiko? Zvino Ishe akati kwaari, Simuka, uende muguta, uchanoudzwa zvaunofanira kuita.*

<sup>103</sup> Zvino varume vakafamba naye, vakaenderera mberi, vakanowana mumwe murume. Ananiasi, zasi ikoko, akaona chiratidzo. Zvese zvaiva zvepamweya! Zvino Sauro wakare, murume uye wekare ainge aine utsinye! Ananiasi uyu

akaona chiratidzo, akatarisa mumba make. Akange ari muporofita, aiva mumba make achinamata, ndokuona chiratidzo. Iye. . . Ishe akataura naye akati, “Pane murume ari kuuya achidzika nemumugwagwa kumusoro uko, akapofomara sechiremwaremwa, uye zita rake ndiSauro, ndiSauro weTaso.”

<sup>104</sup> Akati, “Ishe, ndakanzwa zvinhu zvikuru. Musandituma, ndiri munhu mudiki. Musandituma kwaari.”

<sup>105</sup> Akati, “Asi, tarira, paakange achidzika nenzira yake, Ndakamuratidza chiratidzo. Ndakazviratidza kwaari muShongwe yeMoto. Ndamurova zvikuru nehupofu zvachose. Zvino Ndakatozomupofomadza nekumubvarura-bvarura Ndisati ndakwanisa kuita chimwe chinhu kubva maari. Unoona, ndakatobvarura dzidzo yake yose yebhaibheri. Unoziva, akange ari—akange ari—akange ari munhu mukuru mune imwe yemachechi aya ari kumusoro uko. Akange aine mhando dzese dzemadhigirii, hapana chaifanira kugadziridza pachiri, asi,” Akati, “zvaNdakatozoita kuburitsa zvose kubva maari.”

<sup>106</sup> Ndiyo yaiva nyaya yacho. Kwaisava kuwedzera maari, asi kuburitsa kubva maari. Ndinofunga kuti ndipo pane dambudziko revafundisi vedu vazhinji nhasi; vanobvisa mamuri, apo Mwari anokwanisa kuisa Mweya Mutsvene mavari. Kutobuditsa! Ipapo, iye akati . . .

<sup>107</sup> Zvino akati, “Ishe, asi murume uyu—uyu—uyu munhu akaipisisa kwazvo.”

<sup>108</sup> Ishe akati, “Asi, tarira, ari kunamata. Zvino, uchaenda uchidzika nemumwe mugwagwa wonosvika pane rimwe tsime. Wopfuura tsime iri riri kuruboshwe, wodzika zasi. Pachange paine imba chena, endapo wonogogodza pamukova. Akangorara imomo muhoro, ndimo mavakwanisa kusvika naye. Woisa maoko ako paari, wodzika naye kurwizi rweDhamasiko womubhabhatidza muZita raJesu. Nokuti, Ndichakuudza zvaNdichazoita, achazotambudzwa muzvinhu zvakawanda nokuda kwaNgu, nokuti iye inhume yaNgu kune veDzindudzi.” Amen!

<sup>109</sup> “Zvakanaka, zvino, mirai zvishoma, Ishe! Zvino, ndechipi chikoro chandinofanira kuraira?” Regai ndikuudzei zvekuita, ngativerengei VaGaratia zvino tione. Chinongova chitsauko chinotevera—chinotevera kumashure. Ngatiwanei VaGaratia 1, totangira pandima 10, toona kuti ndechipi chikoro chakaendwa naPauro, iseminari ipi, uye maoko aani akaturikwa paari, uye, oo, nezvose zvakaitika. VaGaratia chitsauko 1. Kuchengetedza nguva, ngatitangirei pakutendeuka kwake, pandima 10.

*Nokuti zvino ndinoita ushamwari navanhu here, kana naMwari? kana ndinotsvaka kufadza vanhu here? nokuti kana ndikatsvaka kufadza vanhu nazvino, handizova muranda waKristu.*

110 Oo, ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu! Regai nditaure chimwe chinhu chidiki tisati taenda pane pane izvi. VaGaratia 1, wanai chitsauko 8. Vangani vanoziva kuti Pauro ndiye akaita kuti vanhu vava vabhabhatidzwe zvakare muZita raJesu, Mabasa 19? Chokwadi akadaro. Ngatingotorei pamusoro apa zvishoma, ndima 8—8.

*...asi kunyangwe isu, kana mutumwa unobva kudenga, akakuparidzirai imwe evhangeri inopesana neyatakakuparidzirai isu, ngaave akatukwa.*

111 Wakawanepi Evhangeri iyi, Pauro? Ndima 9.

*...sezvatakamboreva, zvino ndinorevazve saizvozvo, kana kuno munhu anokuparidzirai imwe evhangeri inopesana naiyo yamakanzwa, yamakagamuchira, ngaave wakatukwa.*

112 Kana ari ngirozi huru, kana ari mubhishopi, kana ari mutariri mukuru, kana ari Chiremba *Nhingi-nhingi*, chero ari ani zvake, kana akasaparidza rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu Kristu, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, akasaparidza kudzoreredzwa kwezvipo, Kuuya kwaKristu, zvinhu zvese izvi, ngaave akatukwa! Kana akaedza kutora rimwe reShoko iri riri pano oti raiva rerimwewo zuva oriisa pane imwe pfungwa itsva isina basa yatakadzidza kubva kune imwewo seminari, ngaave wakatukwa!

113 Ngativerengei mberi, toona kuti Pauro akazviwana sei, toona kuti sei, izvo zvandiri kuedza kukuudzai mangwanani ano.

*Nokuti zvino ndinoita ushamwari navanhu here, kana naMwari? kana ndinotsvaka kufadza vanhu here? kana ndaifadza vanhu nazvino, ipapo handizova muranda waKristu.*

114 Ko ndingatarisirei chimwe chinhu, ko zvingava sei kuti munhu anoda Mwari, uye ari muparidzi, kunyanya, atarisire kuita chimwe chinhu asi kuvengwa nevanhu? Vanhu vachakuvenga. Zvakanaka, vakati...Jesu akati, “Kana vachiNdidaidza, Muridzi wemba...Ndini Tenzi, mukuru kunemi mose. Ndini Uyo anokwanisa kuita mashura akawanda uye nekuita zvakananda noMweya Mutsvene kupfuura imi mose, nokuti Ndine huzaro hwese maNdiri. Zvino kana vakaNdidaidza kuti ‘Bherizebhabhu’, zvino vachazowedzera vakadini pane zvavachakudaidzai? Asi,” akati, “musafunga pamusoro pezvamuchataura, nokuti munenge musiri imi munotaura, vachange vari Baba vanogara mamuri, vachataura panguva iyoyo. Ingonyatsogarai neShoko.” Uye iYe, paAkapedza kunyora Bhuku, Akati, “Chero munhu upi achabvisa Shoko rimwe chete kubva muBhuku iri kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, mumwe chete iyeye achabviswa muBhuku reHupenyu, ari iye.” Mwari ngaatibatsire kuti tinyatsogara naRo!

115 Zvino ndima inotevera, regai ndiverenge zvino, ndiverenge nekukurumidza zvino.

*Nokuti ndinokuzivisai... Zvichireva, ndinokutorai kuti mutonge. Ndinokuzivisai, hama, kuti evhangeri yakaparidzwa neni haina kuita seyavanhu.*

Zvino, handisi muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, kana Pentekosti; yakange isina kuita seyavanhu. Kana . . .

*Nokuti handina kuipiwa nemunhu, kana kuidzidziswa, . . .*

116 “Handina kubvira ndaigamuchira kubva kuvanhu, hapana seminari, hapana chiremba, hapana zvedzidzo yezvekunamata, hapana chikoro chedzidzo. Handina kumbobvira ndaigamuchira nenzira iyoyo, handina kumbobvira ndaidzidzisa nenzira iyoyo, handina kumbobvira ndaiwana nenzira iyoyo, haina kumbobvira yauya kwandiri nenzira iyoyo.” Zvino yakauya sei, Pauro?

*. . . kuidzidziswa, asi nechizaruro chaJesu Kristu.*

117 “Apo Kristu akaZvizarura kwandiri, kuti Aiva Mwanakomana waMwari, apo Shongwe yeMoto iya yakawira pandiri nezva riya, ndikati, ‘Ndimi Ani, Ishe?’ Akati, ‘Ndini Jesu.’”

118 Zvino, ndichakuratidzai kuti chii—chii chakaitika kwaari. Zvino, iko zvino kana mumwe munhu akave nechitiko, vanezenge vachida kumupa makore gumi ekudzidza chiGiriki, nemamwe makore gumi ekudzidza zvimwewo, uye panguva iyoyi anenge atoparara. Tarisai.

*. . . nokuti handina kuipiwa nomunhu, kana kuidzidziswa, asi nechizaruro chaJesu Kristu.*

*Nokuti makanzwa zvehurukuro dzangu kare pakunamata kwavaJudha, . . .*

119 “Ndakange ndiri chiremba mukuru, vakomana. Ndaiva nayo.” Akange akadzidziswa pasi paGamarieri, mudzidzisi mukuru wawakange vainaye munyika. Vangani vanoziva kuti Gamarieri ndiye aiva mumwe mudzidzisi mukuru, mukuru-mukuru? Hongu, changamire. “Chinamoto changu chechiJudha, vakomana, ndaiva nacho chakanyorwa pasi; ndaiziva zvese zvekutaura Chitendwa chavaApostora nezvimwe zvinhu zvose, munoona. Ndaiziva kuti ndaitaura sei minamoto yese yemangwanani pamwe nekuropafadza vanhu.” Maona?

*. . . kuti ipapo ndakatambudza kereke yaMwari zvikuru kwazvo, ndikaiparadza:*

“Zvokuti ndakaedza zvakadini kumisa boka riya revaumburuki-vatsvene!” Maona? Maona?

*Uye pakunamata kwavaJudha ndakabudirira . . .*



120 “Ndakange ndiri munhu mukuru. Vakomana, ini zvirokwazvo...ndakabudirira, ndakavaratidza kuti ndaikwanisa kuvarovera pasi, nekuti ndakauraya Stefano nezvimwe zvinhu zvose zvakawanda zvandakaita. Honai kuti ndakazviita sei!” Kuti nemwero unopfuurira akatambudza!

*Pakunamata kwavaJudha ndakabudirira kupfuura vazhinji vezera rangu parudzi rwangu, ndichinyanya kushingairira tsika dzamadzibaba avo.*

121 Zvino, rangarirai, kwete Shoko raMwari, “tsika dzemadzibaba,” tsika dzechechi, nemamwe mashoko. “Ndinofungidzira ndaiva muMethodisti akanyatsoperera, ndaiva muBaptisti akanyatsoperera, ndaiva muPentekosti akanyatsoperera.” Oo, ndizvo zvauri? Ini ndinoda kuva Mwari chaipo pakadzika. Hongu, ndizvozvo. Maona? Zvakanaka.

*... tsika dzamadzibaba angu.*

*Asi Mwari akati afadzwa nazvo, ... (oo, oo, Pauro, hezvoka izvo)... iye wakandipatsanura kubva padumbu ramai vangu, uyo akatondiunza panyika ino, akandidana nenyasha dzake,*

*Kuti azarure Mwanakomana wake mandiri, ...*

122 Zvichiva sei izvozvo? “Mweya Mutsvene mandiri! Zvakafadza Mwari kuti anditore, uyo akandipatsanura kubva mumimba yangu, ndokundipa Mwanakomana, anova Mweya Mutsvene ari muchimiro choMweya, mandiri, kuti agoZvizarura ari mandiri.” Oo, ini zvangu! Fiyuu! Ndi—ndi—ndinotenda ndiri kuda kumbodanidzira zvisihoma.

123 Tarira, rega ndikuudze, hama. Apo pazvakafadza Mwari! Oo, hareruya! Apo pazvakafadza Mwari! Baba vaiva chidhakwa. Mai...Mwari vakuropafadzei, amai, handisi kutaura chinhu chakaipa panemi. Asi amai vainge vasingazivi nezvaMwari sekusaziva kwetsuro zveshangu dzechando. Uye nababa vairara mumigwagwa nekudhakwa. Uye ndisina kana shangu dze kuendeswa kuchikoro, ndiine bvudzi refu raidzika nemuhuro mangu, uye munhu wese aindivenga nokuti ndaiva wekuKentucky kuno kuIndiana. Uye kuti sei, oo, aiva maratidzikiro akashata kwazvo. Asi zvakafadza Mwari! Ameni! Zvakafadza Mwari, uyo Akandipatsanura kubva mumimba yaamai vangu, kuti Agozarura Mwanakomana waKe mandiri, nekundiita mushumiri weShoko, anozogara akatwasuka naRo, nokuzoonesa zvionva nezviratidzo nezvishamiso neminana. Zvino, oo, ini zvangu!

124 Munoonva zvaAitaura pamusoro pazvo? Zvakafadza Mwari kuita izvozvo! Sei? Nyatsoteererai. “Kuza-...” Torai ndima 16 zvino.

*Kuti azarure Mwanakomana wake mandiri, kuti ndimuparidze pakati pavahedheni; pakarepo handina kurangana nechечи:*

125 “Handina kumbobvira ndaenda kune mubhishopi upi zvake ndokumubvunza zvandaifanira kuita. Handina kumbobvira ndaenda kune kana nyama neropa hazvo, chero sangano ripi zvaro kana chimwewo. Handina kumbobvira ndave nechekuita navo. Handina kubvira ndarangana nenyama neropa. Kana kumbobvira ndaenda kuJerusarema kuvapisita vose vakuru vatsvene navanababa vatsvene, nevamwe vose vaya, uye ndokuti, ‘Zvino, munoziva, ndakave nechiratidzo, ndinofanira kuitei pamusoro pachu? Ndakaona Ishe Jesu akaropafadzwa muchiratidzo.’ Vangadai vakati, ‘Ibva pano, iwe! Chii... Iwe muumburuki mutsvene! Saka, chii chakaitika kwauri?’ Kwete, ndakange ndiine madhigirii avo ese kubva pakutanga. Ndaiva...”

126 Zvino Pauro akati pano apa, ndinokwanisa kukuratidzai muRugwaro, kuti akati aifanira kukanganwa zvose zvaakambobvira adzidza, achizviona sepasina, kuti agokwanisa kuziva Kristu. Oo!

*Handina kukwira kuJerusarema kuna avo vakanditangira kuva vaapostora; asi ndakaenda kuArabia, ndikadzokera zvakare kuDhamasiko.*

*Zvino makore matatu akati apfuura ndakakwira Jerusarema kundoona Petro, ndikagara naye kwemazuwa ane gumi namashanu.*

127 Zvino tichienda mberi nekuverenga, tinoona kuti iye nemuapostora Petro havana kumbobvira vaonana muhupenyu, havana kumbobvira vazivana, havana kumbobvira vaonana, asi pavakasangana vakange vachiparidza Vhangeri rimwe chetero. Mwari ane chikoro. Maona? Hongu!

128 Hepano paiva naPetro, akasimuka neZuva rePentekosti, akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene.”

129 Firipo akati, “Oo, zvakanakisisa zvakadini izvi! Ndinofanira kuitawo chimwe chinhu zvakare. Zasi uko... Ndanzwa kudaidzwa kuti ndidzike kuSamaria.” Akadzika zasi ikoko ndokutanga kupupura mumugwagwa. Chinhu chekutanga, murwere akauya, akaturika maoko paari, ndokutanga kusvetuka-svetuka nokutomuka. Akati, “Mbiri kuna Mwari, tave pano!” Akatanga kuva nemusangano mukuru. Akati, “Mose munofanira kuva noMweya Mutsvene.” Akati, “Zvamunofanira kuita, munofanira kubhabhatidzwa nemuZita raJesu.” Zvino akavatora, mumwe nemumwe wavo, kunze uko akavabhabhatidza vose nemuZita raJesu. Akati, “Uya kuno,

Petro, isa maoko ako pamusoro pavo zvino.” Zvino vakawana Mweya Mutsvene.

Petro, kumusoro uko muimba yaKonirio, nenzira imwe cheteyo.

<sup>130</sup> Pauro akange asati ambomuona kana kunzwa chinhu pamusoro pake. Asi akapfuura nekumativi ekumusoro kweEfeso, zvino ndokuwana vamwe vadzidzi. Akawana mumwe muparidzi wechiBaptisti, uyo aiva, Aporo, gweta rakange ratendeuka, aiva akangwara, nekuchenjera, aitora Testamende Yakare achiratidza naYo kuti Jesu aiva Mwanakomana waMwari. Hongu, changamire, aiva murume akangwara. Uye vakange vachidanidzira, vakange vaine mufaro. Bhaibheri rakadaro. Verenga pachitsauko 18 ne19 chaMabasa ugoona kana zvisiri izvo. Vakange vaine mufaro, vakange vachitamba muMweya, nekumhanya kwose-kwose, munoziva. Pauro akati, “Asi makagamuchira here Mweya Mutsvene kubva pamakatenda?”

<sup>131</sup> Zvino kunemi hama dzechiBaptisti munoedza kumanikidzira izvi kuti vanhu vazvimedze, zvino ndokuti chinyorwa chechiGiriki chepamavambo chakati, “Makagamuchira here Mweya Mutsvene kubvira, kana apo pamakatenda?” Ndinokupikisai kuti mugondiunzira chiGiriki chacho! Ndinacho chiGiriki chepamavambo pane zvanditori nazvo. Ndinewo zveAramaic, nezvechiHebheruwo, zvakare. Chimwe nechimwe chazvo chinoti, “Makagamuchira here Mweya Mutsvene *kubvira* pamakatenda?”

<sup>132</sup> Unoponeswa nekutenda, iko kutenda kwako muna Mwari. Ropa rinokuchengeta wakachena kubva kuchivi, nokuti rinoita chibayiro. Ropa harikuponesi, Ropa rinokuchengeta wakachena. Unoti wakaponeswa sei? Nekutenda wakaponeswa, uye izvozvo nekufanoziva kwaMwari, anokudana. Wakaponeswa, zvino Ropa rinoita yananiso, richigara rakakuchengeta wakachena. Uyezve noMweya mumwe chete unobhabhatidzwa muMweya Mutsvene, mukuyanana kwevatendi, nemukuyanana kweMweya Mutsvene, kuti ugotungamirwa noMweya, uchiita zviratidzo, nezvishamiso.

<sup>133</sup> Mirai, kuri kuuya, takamirira chimwe chinhu, munguva shoma tichachiwana, tinotarisa kudaro zvisineyi. Ndakakuudzai kuti mugondizivisa panguva ino, handizvo here? Zvangoitika kuti ndaitarisa. Ringori sho—ringori shoko rimwe kana mavirizve. Ringori . . . Rakati—rakati wedzerei zvishoma.

<sup>134</sup> Ruponeso urwu nderwenguva yakareba zvakadini, yakareba zvakadini? Imhandoiko yeruponeso? Kubva mune imwe chechi uchienda mune imwe chechi here? Kubva . . . Ngativhurei kuna VaHebheru 9:11, kweminiti, tingo—tingotarisa kuti tione kuti yakareba zvakadini, kwemaminiti mashoma. Vhurai muBhuku raVaHebheru uye regai—regai tione kuti ruponeso

urwu nderwenguva yakareba zvakadini. Toona kuti imhando ipi yeruponeso. Ngativerengei zvino VaHebheru 9:11.

*Asi Kristu wakati achiva muprisita mukuru wezvinhu zvakakanaka zvinouzuya, kubudikidza netabhanakeri yakapfuura pakukura napakukwana, isina kuitwa namaoko, ndiko kuti, . . . (zvino uyu ndiye mudzidzisi mumwe chete, Pauro, onai) . . . kwete yechivakwa . . . chivakwa chino;*

*Haana kupinda neropa rembudzi kana remhuru, asi neRopa rake chairo kamwe (kangani? Kamwe chete!) munzvimbo tsvene, shure kwokunge atiwanira . . . (ruponeso rwesvondo, ruponeso kusvika pane rumutsiro rwunotevera here? Nderwemhandoi?) . . . rudzikinuro rusingaperi.*

<sup>135</sup> Izwi rokuti “Kusingaperi” rinorevei? Muna Kristu, shure kwokunge ndatenda . . . Hakuna munhu anokwanisa kuti Jesu, “Kristu,” kusara bedzi neMweya Mutsvene. Nokudaro pane mhando nhatu dzevanhu: vasingatendi, vatendi vekabanga, nevatendi chaivo. Asi ivo avo vakatenda kusvika kuHupenyu Husingaperi, ndivo vakapinda muruvanze.

<sup>136</sup> Torai tabhenakeri yekare, chii chinhu chekutanga chavakaita? Vakapinda muruvanze, veDzindudzi. Chaitevera yaiva aritari yendarira, apo pavaigezera chibayiro mumudziyo wokugezera wendarama. Chaitevera kwaive kurayiwa kwechipiriso, nekusaswa kweropa paaritari. Zvino, kamwe chete pagore, Aroni aizodzwa, oo, (nechii?) nezvinonhuwirira zveRuva reSharoni, nmafuta anokosha aiva nezvinonhuwirira maari, vaiadururira mumusoro wake, oyerera achidzika kusvika kumupendero wehanzu dzake. Cherechedzai kuti murume uyu aifanira kupinda sei seri kwezvidzitiro, kamwe chete pagore, aitakura akatungamidza mberi kwake ropa repaChigaro cheTsitsi. Uye akapinda imomo netsvimbo yake rimwe gore akaikanganwa imomo. Pavakadzokera kunoitora, yakanga yatungira nekuita maruva. Chimuti chekare chaakanga atakura zvichida kwemakore makumi mana murenje, chakarara muNzvimbo Tsvene iyi! Tarira, apo vaitora ropa iri resungano, ropa, ainge akazodzwa. Uye akange akapfeka hanzu dzakange dziine tumabhero twairira padziri, kadamba nekabhero. Uye murume uyu aifanirwa kuti afambe nenzira yekuti nguva yega-yega yaaifambisa gumbo rake, uye achifamba seizvi zvino oita nhanho yake, airira achiti “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha. Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha. Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.” Oo, ini zvangu!

<sup>137</sup> Ndiri kutaura pamusoro pechii? Inzwai Izvi, Branham Tabhenakeri! Makave nemukana wenyu. Kana munhu achinge angozodzwa noMweya Mutsvene, kuti agadzwe mumhuri yaMwari, kuti agoiswa panzvimbo yake naBaba, zvino oiswa

mukushumira kunze kuno, muchinangwa chake chehupenyu, kana izvo zvaakadanirwa naMwari, mafambire ake anofanira kuva “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha. Mutsvene, mutsvene, mutsvene!”

“Oo, unofanira kutsaukira kurutivi kune *izvi* zvino wova . . .”

“Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.”

“Oo, unofanira kutenda zvose zvakataurwa nemukuru, *izvi*.”

138 Asi, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.” Ita kuti Shoko raKe rive ndiro rokutanga, ita kuti Rive zvose zviripo, rakanyura, rakagadzikana mumwoyo mako! Mafambire ako anofanira kunge ari muShoko. “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.”

139 “Oo, kana ukangouya kuno! Ndichazokuudza zvatinoita, ticharonga, tichakuisa musangano redu, uchazova munhu mukuru.”

140 “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha. Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha,” uchienda mberi. Hazviiti mutsauko izvo zvinotaurwa chero naani zvake!

141 “Dzosa matepi aya! Ita *ichi*, ita *ichi*, ita *icho*, ita *icho*, *chimwe* chacho.”

142 “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.” Wakaisa maziso ako akatarisa paKarivhari, uye hapana chinhu chichakumisa! Mafambire chaiwo ehupenyu hwako, uri kufamba uchidzika nomuMugwagwa mukuru waMambo, wakazodzwa neMafuta ekuzodza anokosha, uchipinda muNzvimbo tsvene-tsvene. Fiyuu! Ameni. Zvakanaaka.

143 Pauro akati haana kuwana iZvi kubya kumunhu. Zvino anoti chii, tichidzokera kuna VaGaratia, chidzidzo chedu. “Shure kwokunge atizivisa chakavanzika chokuda kwaKe.” Kuda kwaKe chii? “Achinge azivisa zvakavanzika zvokuda kwaKe.” Kunemi muri kunyora pasi, ndima 9. Zvino ndichachimbidzika zvakanyanya ndopedza neizvi, nokuti tave shure kwenguva.

144 Oo, Shoko rese rakaita se...?...Oo, Shoko rega-rega idombo rinokosha. Unokwanisa kungoRitora woramba uchingoRikwenenzvera. Unokwanisa kuchera, ndinokwanisa . . . Unokwanisa kutora rimwe reMashoko kubva ipapo, woriendesa kuna Genesi worikwenenzvera, woriendesa kuna Eksodho worikwenenzvera zvakare, unokwanisa kuriendesa kuna Revhitiko worikwenenzvera zvakare, zvino, panguva yaunosvika kuna Zvakazarurwa, chikamu chaRo chega-chega ndiJesu! Ameni. Unokwanisa kurikwenenzvera semadiro aungade kuita, rinozova Jesu paunosvika—paunosvika muna Zvakazarurwa. Nokuti, Akati, “Ndini Uyo Aivapo, Uyo Aripo, uye AchazoUya. Ndini Mudzi neDavi raDhavhidhi, Nyeredzi yaMangwanani. Ndini Arufa, Omega.” Ndiye A na Z

muarifabheti yechiGiriki. “Ndinotangira pana A kusvika kuna Z. NDIRI! Ndiri Zvose-muna-zvose.” Ndizvozvo. “Ndini Uyo aiva mupenyu akambenge akafa, uye ndave mupenyu narinhi-narinhi. Ndine makiyi erufu nehadhesi.” Oo, ini zvangu! Dombo rose rinokosha raunotora pano wotanga kurikwenenzvera, rinokwenenzvereka kunyatsosvika muna Jesu.

<sup>145</sup> Zvino, munguva pfupi inotevera zvino ipapo ticha—ticha—ticha—ticha, tichamira. Hongu. Takamirireiko, zvino? Wauyirei kuno kumusangano? Chinangwa chacho ndechei? Nyika iri kugomera pamusoro pei? Bhambhu reatomiki rakaremba uko nechinangwa chei, ko chii mamolecule nemaatomu? Uye, oo, zviri pamusoro pechii zvose?

<sup>146</sup> Vhurai, kuna VaRoma 8, kweminiti. Ko yakamirirei? Ko izvi zvose zvakamirirei? Yava nguvai? VaRoma, chitsauko 8, ngatitangei zvino tiverenge neche pane, oo, ndingati yechisere... Ngatitangirei pane yepfumbamwe... ndima 19, uye tongo—tongoverenga pano kuzviita kuti, kuzviita kuti zvinyatsotapira. Ndizvozvo. Ndinoziva kwamuri kuenda uko. Zvakanaka. VaRoma, chitsauko 8, ndinotenda ndimo mandiri iko zvino. Hongu, changamire. Chitsauko 8, zvino ngatitangirei pano pandima 18. Ngatingotangirai pandima 14.

*Nokuti vose vanotungamirirwa noMweya waMwari, ndivo... vanakomana vaMwari. Ndizvozvo.*

*Nokuti hamuna kugamuchira mweya wouranda zvakare kuti mutye;...*

<sup>147</sup> “Oo, handizive kana ndikagona kungoramba ndakabatirira. Oooo, dai ndangokwanisa kuramba ndakabatirira!” Hazvisi zvokubatirira! Hazvisi zvekuti ndakabatirira here, asi ndezvekuti Akandibata here. Ndave maAri zvino, munoona.

<sup>148</sup> Zvakanaka, unoti, “Zvino, kana ndiri maAri!” Zvino imi—imi maPresbyteriani munoti, “Aa, takagara tichizvitenda Izvozvo.” Asi hupenyu hwenyu hunoratidza kuti hamusi, kusara kwokunge muchifamba nemhando yehupenyu hwaAkafamba, muchitenda Vhangeri rimwe chete raAkaparidza.

<sup>149</sup> Unoti, “Aa,” muBaptisti anoti, “chokwadi, ndinotenda mukuchengetedzeka noKusingaperi.” Zvino woenda kunze uko wondoputa fodya nekumhanyira kumadhanzi, uye madzimai achigera bvudzi ravo, vachipenda zviso zvavo nekuzvibata nenzira isingatsananguriki? Zvibereko zvako zvinoratidza kuti hauZvitendi.

Pandinoti, “Unotenda here mukupodza kwaMwari?”

“Oo, Chiremba Jones vakati zvaiva *zvakadaro*, zvaiva zvemazuva akapfuura.”

<sup>150</sup> Zvino, iwe munyengeri! Chii chakakanganisika newe? Iwe mwana anosuwisa akanyengereka. Uri kure zvakanyanya neVhangeri kusvika zvave kutosuwisa. Wakatsautsirwa kune

imwe nzira ine madhaka pane imwe nzvimbo yemarara iri kubvira. Hauoni here pano zvaAkataura? Kuti, mweya wega-wega unopupura kuti Jesu haana kuuya munyama iko zvino, mweya wakaipa. Bhaibheri rakati Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. ZvaAkataura kareko, ndizvo zvaAri iko zvino, Anogara ari saizvozvo nguva dzose. Ingoteerera.

Nokuti hamuna kugamuchira *mweya wouranda* zvakare *kuti* mutye; *asi* makagamuchira *Mweya weku- . . .*

[Ungano inoti, “*wekugadzwa.*”—Mupepeti]

<sup>151</sup> Zvino, shure kwokunge wagadzwa, zvakanaka, shure kwokunge wagadzwa. Unozoiswa panzvimbo, ipapo wozonzwisisa, shure kwemutambo wataurwa uye unenge waiswa muMutumbi nemazvo. Uri mwanakomana, chokwadi, mwanasikana, paunoberekwa patsva unova izvozvo, ndiko kuberekwa kwako. Asi zvino unozoiswa panzvimbo yako.

Hatina kugamuchira *mweya* wekuti titye; *asi takagamuchira Mweya, takagamuchira Mweya wekuitwa vana, watinodana nawo tichiti, Abha, Baba.* Zvinoreva, “Mwari wangu.” Zvakanaka.

*Mweya amene unopupurirana nomweya wedu, kuti tiri—tiri vana vaMwari:*

<sup>152</sup> Unozviita sei? Unoti, “Mbiri kuna Mwari! Hareruya! Hazvindikanganisi, ndiri Mwana waMwari,” woenda kunze wonoita zvinhu zvaunoita? Mweya waMwari unoita mabasa aMwari.

<sup>153</sup> Jesu akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.” Maona? Maona?

<sup>154</sup> Kana—kana—kana—kana muzambiringa uyu ukamera ukabereka chitsamha chemazambiringa, zvino unotevera ukabereka chitsamha chemanhanga, panenge pane chakakanganisika. Maona? Ichechi yakanamatidzwa, muzambiringa wakanamatidzwa, munhu akapfekedzwa. Kana munhu wemune rimwewo sangano, ari nhengo yerimwe sangano uye achizviti Mukristu, uye asina Mweya Mutsvene nekuva neSimba raMwari nezvinhu zvese izvi. . .

<sup>155</sup> Zvino, ukabuda kunze uko wonoita seboka reava vainge vakadhakwa, nekungoti iwe wakataura nendimi. Ndakaona madhimoni achitaura nendimi. Hongu, changamire. Ndakaona achitamba mumweya, uye achidanidzira nekupupa furu pamuromo, nezvimwe zvese, nezvese zvakadaro. Ndakazviona izvozvo. Ndiri. . . Handisi kutaura pamusoro peizvozvo. Ndiri kutaura pamusoro peMweya waMwari.

*Mweya amene unopupurirana nomweya wedu, kuti tiri. . . vana vaMwari:*

*Zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka; vadyi venhaka yaMwari...vadyi venhaka pamwe chete naKristu; kana zvakadaro...tichitambudzika pamwe chete naye, kuti tizo...tichakudzwawo zvakare pamwe chete naye.*

*Nokuti ndinoti matambudziko...*

156 Ingoteerera kune izvi. Oo, kana izvi zvisiri zvakanakisa!

*Nokuti ndinoti matambudziko enguva ino haana kufanira kuenzaniswa nokubwiya kuchazoratidzwa matiri. Matiri!*

*Nokuti zvisikwa zvinotarisisira zvikuru...*

157 Zvinonzi pano, ndine kadiki—ndine kashoko kadiki apo, zvokuverenga zvidiki zviri kumucheto, “zvisikwa” ndizvo zvazviri, muchiGiriki.

*...tarisiro dzezvisikwa, zvisikwa zvakanakira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari.*

158 Zvinhu zvese zvakanakira? Zvisikwa zvese zvakanakira? Kuratidzwa kwevanakomana vaMwari. Zvakanakira kuti Chechi inge yapinda munzvimbo yayo. Ndiani aiva mwanakomana waMwari, apo Adhamu, hutongi hwake hwaiva kupi? Panyika. Iye, aiva nehutongi pamusoro penyika. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Akange achisiri Elah, Elah, Elohim ipapo; Akange ari Jehovha. Maona? Ndiko kuti, “Ndiri Mwari, zvino Ndakagadzira vamwe vadiki vari pasi paNgu. Zvino Ndavapa hutongi. Uye muhutongi hwavo, hutongi huri pasi pavo, ndiyo nyika.” Munhu akange aine hutongi panyika. Zvino zvisikwa zvose zvakanakira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari. Oo!

Takatarisisira kuuya kwezuva remufaro remireniyamu,  
Apo Ishe wedu akaropafadzwa achauya kuzitora Mwenga waKe wakamirira;  
Oo, nyika iri kugomera, ichichemera zuva iro rekusunungurwa kunotapira,  
Apo Muponesi wedu achadzoka zvakare panyika.

159 Ndizvo here? Kumirira. Mwari achiedza kuisa Chechi yaKe panzvimbo, kuti Agozviratidza, achiwana mumwe waAngakwanisa kushanda nemaari seizvi, oti, “Hoyo Mweya waNgu uchifamba zvakasununguka. Heunoi Uyo. Kuti, kuti, Ndi—Ndizokwanisa kushanda.” Pano, potorwa mumwe nechepano apa womuisa panzvimbo, “Ndinokwanisa kumuisa panzvimbo.” Kugadza, kuisa panzvimbo, kuratidza, womuunza kunze kuno oitirwa mutambo, omushanyira neNgirozi, omuudza chimwe chinhu. Zvino, kana akataura chokwadi! Zvino kana ari kungotaurawo chimwe chinhu, hazvimboshandi.



Bodo, bodo, izvozvo—izvozvo hazvimboshandi, takave nezvakawanda zvazvo. Asi ndinoreva—asi ndinoreva kuratidzwa kwevanakomana vaMwari, apo Mwari anoZviratidza zvino Womutuma kunze. Zvino obva aenda, uye zvaanotaura iChokwadi. Zvaanoita iChokwadi. Zvaanoita, anoratidza Kristu. Ko unomutonga sei? Nenzira yaanogara nayo neShoko, ari paShoko chaipo. Munoono, ndiwo maziviro aunoita munhu wese, nenzira yaanogara nayo neShoko. “Kana vakasataura zviri maererano neShoko, Havana Hupenyu mavari,” ndizvo zvinotaurwa neBhaibheri. Maona? Vasiyei vakadaro.

<sup>160</sup> Zvino ngativerengei, zvino ti—tinofanira kuti tichimira, nokuti nguva yedu yave kupera. Zvakanaka, mundima 10, kana kuti ndima 9, waro.

*Akatizivisa zvakananzika zvekuda kwake, kuti kutigadze, sezvaakafadzwa pakufunga kwake maari:*

<sup>161</sup> Akava nechinangwa ichi pachaKe, nyika isati yavambwa. Vangani vanozvinzwisisa izvi? Maona?

*Kuti mumwaka . . .*

<sup>162</sup> Oo, ini zvangu, pano tadzokazve! Huh! Oo, rega—rega—regai tingozvipfuura, maonaka.

*. . . mumwaka wekuzara kwenguva . . .*

<sup>163</sup> Munotenda here mumwaka? Bhaibheri rakadaro, “Mumwaka wekuzara kwenguva.” Chii chinonzi kuzara kwenguva? Kwakange kuine nguva ye, zvakanaka, kwakange kuine nguva yeMurairo waMosesi. Pakave nguva ya—ya—yaJohane Mubhabhatidzi. Kwakanga kuine nguva yaKristu. Kwakanga kuine nguva yechechi yesangano. Kwakanga kuine nguva yekudururwa kwoMweya Mutsvene. Zvino tiri munguva yekugadzwa, izvo zvakanamirirwa nenyika yose, ichigomera. “Zvino kana huzaro hwenguva hwasvika, kana mwaka wekuzara kwenguva.” Chii kuzara kwenguva uku? Ndipo apo vakafa vachamuka, apo hurwere huchaguma, apo iyo . . . apo nyika yese ichamira kugomera. “Huzaro hwemwaka wenguva.” Tarisai izvi.

*Umo mumwaka wekuzara kwenguva aunganidze pamwe chete zvinhu zvose muna Kristu, . . .*

<sup>164</sup> Haufari here? Achazviita sei? Kuunganidza zvinhu zvese muna Ani? [Ungano inoti, “Kristu.”—Mupepeti] Unopinda sei muna Kristu? [“NoMweya mumwe chete.”] NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose kupinda mune [“Mutumbi mumwe chete”] Mutumbi mumwe chete. Uye Mutumbi uyu Mutumbi waAni? [“WaKristu.”] Wakatongwa nechekare. [“Ameni.”] Akatora kutongwa kwedu. Zvino tiri chii? “Apo Ndinooona [“Ropa.”] Ropa, Ndinokupfuurai.” Nguva yega-yega yaAnotarisa paMutumbi, hoyo Wakagara apo, une ropa. Ndirimo imomo sei? Mweya Mutsvene. Anongopfuura. Oo, ini zvangu!

Zvino kana huzaro hwemwaka wenguva, kuti  
*agounganidza pamwe chete...zvihu zvese muna  
 Kristu, zvose zviri kudenga, . . .*

<sup>165</sup> Zvino kana uchida kutaura pamusoro pezita, tave kutongotanga pariri iko zvino kwechinguva. Mhuri yese iri Kudenga inodanwa kunzi ani? [Ungano inoti, “Jesu Kristu.”—Mupepeti] Mhuri yese iri panyika inodanwa kunzi ani? [“Jesu Kristu.”]

<sup>166</sup> Pane madzimai akanaka ari muno, akanaka, akapfuma, mudzimai kwaye, madzimai. Pana Mai Branham vamwe chete, Mai William Branham, ndiye mudzimai wangu. Anoenda neni kumba. Muri kuona, vamwe venyu mese unoenda nemurume wako.

<sup>167</sup> Pane Chechi imwe chete huru iri kurarama yaMwari anorarama, Yakatakura Zita raKe, Yakazadzwa noMweya waKe. Ndizvozvo. Handisi kuti . . .

<sup>168</sup> Handipi mhosva mabasa akanaka, handipi mhosva zvipatara zvavo nezvinhu zvakanaka zvavanoita. Ndinofunga kuti zvakanakisisa, uye iropafadzo yaMwari kune vanhu varombo, vari kutambudzika. Handipi mhosva kune zvimwe zvinhu zvose izvi zvavari kuita. Zvakanaka, izvozvo zvakangonaka. Nemasangano avo makuru nemamiriyoni emadhora, chokwadi ndingasva hangu ndaona izvozvo pane kuona mashabhini sezvikona, nguva ipi zvayo. Zvirokwazvo ndinovaremekedza sevashumiri vakamira papurupiti.

<sup>169</sup> Asi apo pazvichasvika pakuunganidzwa pamwe chete pakuguma kwenguva, ichange yakamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari, mune iyoyo ngu-. . .kuti Agounganidza zvose pamwe chete, avo vose vakaunzwa muna Kristu. Kristu chii? Vangani. . .Tinopinda sei maAri? VaKorinde Vokutanga 12, “NoMweya mumwe chete tinobhahatidzwa tose muMutumbi mumwe chete, unova Mutumbi waKristu, ndokuitwa vabati vechipo chose nechinhu chese chakanaka chaAinacho.” Ndizvo here? “Zvino nyika yose iri kugomera, ichichema, yakamirira kuratidzwa apo Kristu neChechi yaKe vachabatana pamwe chete.”

*Kuti . . .mumwaka wekuzara kwenguva . . .  
 agounganidza pamwe chete mune mumwe . . .muna  
 Kristu wose, zvose zviri kudenga, nepanyika; uye  
 kunyangwe maari. . . nyika; kunyangwe maari:*

*Maari . . .takawana nhaka, . . .*

<sup>170</sup> Oo, Hama Neville, ndiregerereiiwo nekutora nguva ino. Ini. . .shoko riya “nhaka.” Oo-oo-oo-oo! Oo, zvinofanira kudaro! Oo-oo-oo-oo! Ndinoziva iYe. . .IHama yangu yepedyo. Handidar. . .ndinotarisisira kuti handisi kupenga. Ndi—ndi—ndinongo. . .handifungi kuti ndakadaro. Asi, oo, ini zvangu! Chii? “Nhaka.” Takawana nhaka. Mumwe munhu anofanira

kukusiyira chimwe chinhu. Mwari, nyika isati yavambwa, akakusiyira chimwe chinhu. Zita rakanyorwa muBhuku, kuti apo Gwayana raizouraiwa iwe waizocherechedzwa pamwe chete naRo. Oo! Ngatichengeterei izvozvo husiku hwanhasi. Ngatingoverengai tichienda mberi zvishoma. Ini zvangu, ini zvangu! Tichakwanisa kusvika sei pandima 3 husiku hwanhasi, kana chitsauko 3? Hatisati tatombotora ndima ina kana shanu kubva mune chino. Zvino tave kugadzirira kuti tivhare, zvakadaro, ndichangofanirwa kuti ndizviverenge ndozvisiya.

Maariwozve takawana *nhaka, tiri* . . .

<sup>171</sup> Chii? Tinowana sei nhaka iyi pano? Takaiwana sei? Nekuti takafamba zvakatwasuka here? Nhaka iyi tinoiwana sei? Nekuti takafanotemerwa. Amen. Fiyuu! Hama dzangu dzechiaArminia, ndinoziva kuti izvi zvakaoma kwazvo. Handina chinangwa chekurwadzisa, asi zvinongondiitira zvakakanakisisa kwazvo kuziva kuti izvo. . . Ma—ma—mazvibata, mazvibata, hama, zvakana. Hamusi kungozviona chete. Mazvibata zvimwe chetezvo. Maona? Muri kuita zvakana, munoono, muri kuita zvakana. Maona? Asi, oo, asi zvakakanakisisa kwazvo kuzvitarisa. Hongu. Sezvakataurwa naHama Neville pamusoro pechitoro chikuru, nezuro, “Tora manera wofamba uchitenderera uchiona zvauinazvo.” Hongu, changamire. Ndizvo zvakafanana neIzvi. Mweya Mutsvene waMwari ndiwo manera edu anotiudza kuti tine chii. Maona?

<sup>172</sup> Honaika, nhaka. Oo, ini zvangu! “Nokuti. . .” Imhandoi yenhaka?

. . . *yakatemerwa kare maererano nokuraira kwaiye unoita zvinhu zvose maringe nokufunga kwokuda kwake:*

<sup>173</sup> Apo Aiva. . . asati Ava Papa, asati Ava Mwari, asati Ava Muponesi, asati Ava Mupodzi, pasati pava nezvese izvi, Akafanotemera, akaisa Zita reGwayana muBhuku, akatarisa mberi kubudikidza nekufanoziva kwaKe ndokuona zita rako, ndokuriisa imomowo zvakare. Chii ichi? Zvino mushure mechinguva takauya panyika, tikabarwa nevaabereki vaiva nezvivi; tinofamba-famba panyika, munoziva. Chinhu chekutanga munoziva, sekamuJudha kaya kaiva nemhuno yakakombama, Pauro, munoziva, uye—uye aiita basa, zvino, chinhu chekutanga, Chimwe chinhu chakati, “Pano, pano, pano, pano, pano!”

Unoti, “Oo, Abha, Baba!”

<sup>174</sup> Zvino takatanga kuuya, munoono. Akafanotitemera kunhaka yedu maAri, iyo yaiva yakafanotemerwa kwatiri. Munoono, takaigara nhaka nyika isati yavambwa. Maona? Oo! Kuitira chinangwa chaKe Omene kuti chishande kuda kwaKe pachaKe kwakanaka, ndizvo chaizvo, kuti ave Mwari neMuponesi.

*Muna iye wamakavimba naye, shure mokunzwa shoko rezvokwadi, . . .*

175 Zvino Chokwadi ndiAni? Jesu ndiye Chokwadi, Chokwadi cheVhangeri. Vhangeri ripi? Kunongova neVhangeri rimwe chete. VaGaratia 1, yakati, “Kunyangwe Ngirozi ikaparidza rimwe Vhangeri, ngaive yakatukwa.” Iri ndiro Vhangeri, Vhangeri reruponeso rwako; kwete rimwe, hakuna rimwe. “Hakuna—hakuna rimwe zita rakapiwa pasi peDenga iro raungafanira kuponeswa naro.” Asi muZita raani? [Ungano inoti, “Ishe Jesu Kristu.”—Mupepeti] Oo, ini!

*. . . muna iye . . . shure kwokunge matenda, makaisirwa chisimbiso . . .*

176 Oo, “Mushure mokunge matenda!” Tingazomhanya tichipfuurira izvi sei, hama? Ngatizvisiyirei nguva yehusiku hwanhasi, munoti chii? Oo, ini zvangu! Ini—ini handichakwanisi kuendazve—zve mberi kupfuura izvozvi. Ngatizvisiyirei husiku hwanhasi. Handikwanisi kungosiya shoko riya rinoti “kusimbiswa,” kuti unopinda sei imomo, honai.

177 Kuwana nhaka nekufanotemerwa. Ndakawana nhaka yechimwe chinhu. Inhaka yakaita sei? Paifanira kuva nemumwe munhu akandisiyira nhaka. Handiti, unoti, “Jesu akakusiyira nhaka.” Wati kudini? Jesu haana kubvira andisiyira nhaka, Jesu haana kubvira akusiyira nhaka; Akangouya pasi ndokubhadharira nhaka yako, ndokukusvitsa panhaka yako. Asi zita rako rakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Mwari akakupa nhaka yako. Chakatanga inhaka yako. Jesu akangouya. . . Vazhinji, heino nzira yavanoedza kuzviratidza vachiti, “Mwari achiti, ‘Zvino, pane vanhu vazhinji vakarasika. Hapana kana mumwe chete wavo achaponeswa, saka zvino Ndichatuma Jesu pasi zvichida pamwe Achazo. . . mumwe munhu achanzwa tsitsi, uye oziva zvaNdakaita ozoponeswa.’” Oo, nhai vedu! Handingafambisi hofisi yangu zvakadaro, kunyange nenzira yandinokundika kuita nemazvo dzimwe nguva. Maona? Ini—ini handingazviiti saizvozvo. Ko kuzoti Mwari?

178 Mwari, nekufanoziva kwaKe, akanyatsoona chaizvo kuti ndiani aizoponeswa neuyo aisazoponeswa, Akatumira Jesu kuti aponese avo vaAkanga agara asarudza kare. Ko Pauro haana here kuti, ndima shanu kumashure kweiyi, kuti “Akatisarudza maAri kusati kwatombova kana nenyika”? Ndiyo nhaka yedu. Mwari akatisarudza, akaita kuti Jesu auye obhadhara mubhadharo wacho. Waiva chii? Kudeura kwaKe Ropa raKe, kuti pasave nechivi chinosiswa kwatiri. Hapana chaunoita. Asi kana iwe . . .

179 “Uyo anotadza nebwoni mushure mokunge agamuchira zivo yeChokwadi, hapachisina chibayiro.”

180 Zvino, ndipo paunosimuka zvakare, woti, “Ko izvo, Hama Branham?”

181 Asi ingorangirirai, honai, “avo vakagamuchira *zivo* yeChokwadi.” Havana kumbobvira vagamuchira Chokwadi, vakangogamuchira bedzi zivo yaCho. Maona? Hazvikwanisiki kune avo vakambojekerwa, vakagoverwa Mweya Mutsvene, vakaravira simba reShoko rakanaka. Sevatendi vaya vepamuganhu kumashure uko. Vakawanda vakandinyorera tsamba pamusoro pazvo.

182 Vaya vatendi vepamuganhu vakafamba kusvika ipapo chaipo, Joshua naKarebhu vakaenda ndokuyambukira mhiri kwacho. Sei? Zvino tichaidaida kuti Mweya Mutsvene, nyika iya iri kunze uko. Hepano vari kumashure *kuno* uku. Kana kumusoro *kuno*, toti *uyu* Mweya Mutsvene, zvino ivo vari seri kunze *kuno*, muri kuona. Ndiko kune vimbiso, iri *ikoko*. “Zvakanaka, kana vaizotuma vatsori gumi, mumwe chete achibva murudzi rwega-rwega, kuti isu tose marudzi tigoziva kuti nhaka yedu yakaita sei, uko vose vanozoiswa panzvimbo ikoko, uko kwatichazoiswa tose panzvimbo.’ Nekudaro, ndichatuma vatsori.”

183 Vose vakasvika ikoko, “Oo, ini zvangu! Kwete. Tichazonzi vaumburuki-vatsvene, kubva ipapo. Kwete, huh-uh, hataikwanisa kudaro.” Maona?

184 Joshua naKarebhu vakati, “Ndichaona kuti kwakaita sei.” Zvino vakasvika mhiri kuno vakatarisa kwese-kwese. Ini zvangu, vakasvika kumusoro ikoko vakacheke zitsama rakakura remazambiringa eko vakadzoka zasi. Vakati, “Vakomana, yakanaka, yakangonaka! Aya, torai mamwe acho, akanaka kwazvo!”

185 “Oo, akanaka, asi, oo, tarisa kune mahombe ayo...Oo, hatikwanise kuzviita. Kumisidzana nemasangano makuru ose aya, zvinhu zvihombe zvose izvi? Oo, zvakanyanya kuipa, hatikwanisi kuzviita. Kwete, changamire! Hazvina basa kuti ndiani, hatisi kuzodaro. Kwete, changamire.” Zvino vakatanga kutaura vachiti, “Oo, ngatidzokerei kuzvikari zvenyama zveEgipita. Tingadai takagara hedu zasi ikoko. Hatikwanisi kuzviita, nzira ino yakaita sesuwo rakanyanyisa kutetepa. Tinoziva kuti hatikwanisi kuita *izvi*, hatikwanisi kuita *izvo*.”

186 Karebhu wakare akati, “Dzikamai, imi mose!” Joshua akati, “Nyararai, mumwe nemumwe wenyu! Regai nditaure chimwe chinhu.”

187 “Oo, haiwa, haiwa, haiwa, hatikwanisi kuzviita! Oo, hatimbokwanisi. Zvino, kana ndaizofanira kuregera mutambo wangu wemakasa, Hama Branham! Kana ndichifanira kuregedza bvudzi rangu richikura kunge remudzimai achembera, handitongozivi kuti ndinozoita sei. Kana ndichizofanira kubvisa tukabudura twangu, ini—ini—ini,

ini zvangu, handitombozvikwanisa, munoziva. Uye kana ndichifanira kuregedza ndudu dzangu, kana ndaifanira kudaro!” Iwe muenzaniso unonzwisa tsitsi usingabatsiri. Hongu. “Handingakwanisi kuzviita.”

<sup>188</sup> Joshua akati, “Oo, yakanaka. Hareruya! Tinokwanisa kuitora.” Chakange chiri chii? Vakange vachitarisa maguta makuru ainge aine masvingo. Zvino Joshua naKarebhu vakange vachitarisa pavimbiso yakaitwa naMwari. Gara neShoko, zvisinei nekuti uri ani. Gara neShoko!

<sup>189</sup> Nokuti Petro akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, nekuti vimbiso ndeyenyu,” (iNyika ipi yakavimbiswa?) “nekune vana venyu, nekuna avo vari kure, kunyangwe neavo vachadanwa naIshe Mwari wedu.”

<sup>190</sup> Musarege izvi zvichikurwadzai, mukuvhara, ndapota musadaro. Maona? Ndipo imi vePilgrim Holiness nemaNazarene, makanyatsosvika pakucheneswa, makafamba kusvika pano chaipo panzvimbo pamainge mava kutokwanisa kuona mazambiringa, ndokutendeuka mukabva madzokera. Munoono zvakaitika? Ndipo pane dambudziko, hamuna kumbobvira mayambukira munyika yacho. Ndiratidze muNazarene mumwe chete kana wePilgrim Holiness, kana upi zvake weavo varipo muzuva ranhasi, vari kuita misangano mikuru yekupodza ine zviratidzo nezvishamiso zvichiitwa. Ndiratidze mumwe chete. Matodekara muEgipita, makadzokera kuzvikari zvegariki. Makagumira paKadheshi-Bhania. Ndizvozvo.

<sup>191</sup> Tarirai, regai ndikupei nzvimbo yenyu, muna VaHebheru chitsauko 6. “Nokuti hazvikwanisiki kuna avo vakambojekerwa,” makaziva zviri nani. Kana mange musingazvizivi, mave kuzviziva zvino. Maona? “Uye makaitwa avo vakagoverwa, uye vakaravira zvipo zveDenga.”

<sup>192</sup> Vakaravira, muri kuonaka. Vanhu vanoenda kuchechi, vogaramo voti, “Unoziva, vava, vanogona kunge vari pachokwadi. Izvozvo—izvozvo—izvozvo zvinogona kunge zviri izvo. Zvinogona kunge zvakangofanana, asi rega ndikuudze, vakomana, zvinotora kutenda kwakawanda kuita zvakadaro.”

<sup>193</sup> “Vakaravira zvipo zveDenga, vakayera vachiita Ropa resungano ‘chinhu chisina hutsvene,’ iro ramakacheneswa naro.”

<sup>194</sup> Semuparidzi, mai vake vomutumira kunze. Iye oti, “Ndine kudanwa kwekuti ndive muranda waShe.”

<sup>195</sup> “Zvakanaka. Chinhu chekutanga chandinofanira kuita ndechekuti ndigoita basa rekugeza hembe, mudiwa, ndigozokuendeswa kune chimwe chikoro.” Ndicho chinhu chakaipisisa chati chamboitwa naamai ava. Ndizvozvo.

Vanoburitsa zvese maari izvo Mwari ari kuedza kuisa maari. Ipapo, chitarisa zvino.

<sup>196</sup> “Nokuti tikatadza nebwoni, kutadza nebwoni mushure mokunge tagamuchira zivo yeChokwadi, zivo. Uchizviona muGwaro nekuziva kuti Bhaibheri rakati ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Mozviona Izvozvo, ndiyo zivo yeChokwadi. Tozviona, tofuratira tichienda, toyera Ropa resungano. . .”

<sup>197</sup> Mumwe munhu anoti, “Oo, hongu, ndinotenda muna—muna Mwari.” Zvakanaka, unoita nhanho yekutungana.

<sup>198</sup> “Chokwadi, ndinotenda mukucheneswa.” Zvakanaka, uri pamuganhu, kuno kumusoro chaiko wagadzirira kuti ugamuchire Mweya Mutsvene. Asi unotarisa mhiri zvino woti, “Ini—ini—ini handizivi pamusoro pazvo. Kana ndichizofanira kuzvibata zvakafanana. . .Kwete. Handizivi. Unoziva zvanodaizda vanhu ava here? Uh-huh, handizivi kana ndichizokwanisa kuita izvozvo kana kwete. Kwete, ndinotenda ndichangoenda mberi ndonogoinha. . .? . . .” Maona? Maona?

<sup>199</sup> Zvino munoziva kuti chii chinoitika? Akati, “Hazvikwanisiki kuti ivavo vazombofa vakapinda.” Vakataadzira zuva ravo renyasha. Bhaibheri rakadaro. Ndinoziva kuti zvakaomarara, asi Bhaibheri rakati, “Vakaravira zvipo zveDenga, vakayera Ropa resungano iro racho. . .”

<sup>200</sup> Vanoti, “Ndinotenda mukucheneswa, hupenyu hwakanaka, hwakachena, hutsvene.”

<sup>201</sup> Chokwadi, asi iwe, apo pawakaona rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, nerubhabhatidzo nezvimwe zvinhu zvese izvi muBhaibheri, zvino wakazoitei? Wakayera Ropa resungano iro rawakacheneswa naro, “chinhu chisina hutsvene.” Chii munyika chakakuunza ipapo, iwe murume? Chii. . .? . . .Chii chakakuchengeta kubva pakuva mutadzi akadereresha? Chii chakabvisa chivi muhupenyu hwako, kuputa nekudhakwa, nemadzimai nezvimwewo kubva muhupenyu hwako, izvo zvaisafanira kunge zviripo? Chii chakaita izvozvo? Ropa resungano! Zvino wakasvika pedyo-pedyo nokuravira mazabiringa anobva kune imwe Nyika iya, zvino wonyara neVhangeri, uchitya sangano rako! Mwari ave netsitsi! Hongu, changamire. “Wakayera Ropa resungano uchiti ‘chinhu chisina hutsvene,’ uye ukazvidza mabasa enyasha. Hazvikwanisiki zvachose kwaari kuti afe akapinda muNyika yacho.”

<sup>202</sup> Chii chakaitika? Ndinokubvunzai. Zvino, ndiri munhu anoshandisa mifananidzo, uye munhu wese anoziva Bhaibheri munhu anoshandisa mifananidzo. Pane mumwe chete here wevarume ava akapinda munyika yevimbiso? Hapana kana mumwe chete wavo. Ndiani akazviita, ndiani akayambukira ikoko? Avo vakaenda pakutanga, vakadzoka vakati, “Tinokwanisa kuitora, tinokwanisa kuva noMweya Mutsvene

nekuti Mwari akadaro! Petro akati neZuva rePentekosti, kana ‘ndikatendeuka ndobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu,’ ndinofanira kugamuchira Mweya Mutsvene, vimbiso ndeyangu. Ndinoda kuzviita. Ndeyangu, vimbiso ndeyangu.” Mazvibata here? “Zvino vimbiso yacho ndeyangu. Ndinoigamuchira, ndeyangu. Zvirokwazvo ndeyangu.” Ndivo vaive ivo vega.

203 “Oo,” unoti, “asi, Hama Branham, murumuko!” Vanenge vasipo. “Oo, vanenge vasipo?” Kwete, changamire. Jesu akadaro.

204 Vakati, “Zvino Iwe uri kuZviita mukuru akaenzana naMosesi, uye Wati Wakanga uripo, Iwe ‘wakaona Abrahamama.” Zvino akati, “Zvino—zvino—zvino—zvino Abrahamama wakafa kare! Nhai, Iwe hausati—hausati wapfuura makore makumi mashanu ekuberekwa, zvino Woti Wakaona Abrahamama?”

205 Akati, “Abrahamama asati avepo, NDIRI.” Oo, ini zvangu! Uyo “NDIRI,” Mwari anogara aripo, weKusingaperi. Kwete nezuro, kwete mangwana, “NDIRI.” Maona? Mwari anogara aripo, Elohim, “NDIRI.” Zvino vakatora...Vakange voda kuMuuraya ipapo.

206 Akati, “Zvino, madzibaba edu akadya mana murenje kwemakore makumi mana. Mwari akanayisa chingwa kubva Kudenga ndokuvapa chokudya. Vakaenda kucheche vakave nhengo dzecheche dzakanaka kwemakore makumi mana. Mai vangu vakura vakafa vari muchechi muno,” nezvimwe zvese zvakadaro. “Madzibaba angu akadya mana kwemakore makumi mana murenje.”

207 Zvino Jesu akati, “Zvino mumwe nemumwe wavo akafa.” *Kufa* zvinoreva “kupatsanurwa neKusingaperi.” “Mumwe nemumwe wavo akafa. Asi ndinoti kwamuri, Ini ndini Chingwa choHupenyu chakabva kuna Mwari chichibva Kudenga. Munhu anodya Chingwa ichi choMweya, ane Hupenyu Husingaperi uye haakwanisi kuparara. Uye Ndichamumutsa muzuva rekupedzisira.” Oo, hama, haAshamisi here?

HaAshamise here, kushamisa, kushamisa?  
Ishe wedu Jesu haashamise here?  
Maziso akaona, nzeve dzikanzwa,  
zvakanorwa muShoko raMwari;  
Ishe wedu Jesu haashamise here?

208 Ndizvozvo here? Tinoona Mweya waKe wekunzvera uchifamba nepakati pedu. Tiri kuMuona achiita minana nezviratidzo nezvishamiso. Tiri kuZvinda zvakanoratsonyorwa muShoko pano, muri kuZviona zvichinyatsosimbiswa kunze uko. Oo, ini zvangu!

Maziso akaona, nzeve dzikanzwa,  
zvakanorwa muShoko raMwari;  
Ishe wangu Jesu haashamise here?



<sup>209</sup> Mune mamwe maninitsi maviri, kana matatu, pachava neshumiro yerubhabhatidzo rwemumvura ichaitwa pano. Zvino avo vachazenge vachizobhabhatidzwa, itai kuti madzimai aende nechekuno, nevarume vaende kurutivi *urwu*. Zvino varume kuruboshwe rwangu, nechekuno kudivi iri. Uye madzimai nechekuno. Muchange muine hanzvadzi imomo vane hanzu dzakagadzirirwa. Zvino kana mumwe murume kana mumwe mudzimai zvake ari muno mangwanani ano, ane kugutsikana kuti anotenda muShoko raMwari, uye uchitenda kuti Mwari anochengeta vimbiso yaKe, kuti munhu akanyatsotendeuka zvizere zvivi zvake...Zvino, Ropa harisati raita chero chinhu pari zvino. Kwete, kunongova kutenda kwako muna Mwari. Zvino Mwari ari kudana, achingoti, “Fuu, fuu, fuu!” achikudaidza, ndizvo zviri kuzviita zvino, “Fuu, fuu!”

“Handina kumbobvira ndabhabhatidzwa.”

“Fuu, fuu!”

“Saka, saka, dai ndikangokwanisa kutanga ndigoita zvakasiyana.”

“Fuu!” Ichocho, ndicho chinhu chacho, tanga, zvararo—zvararo wozoita zvakasiyana shure kwokunge wambotanga. Maona? Unofanira kutendeuka, wotanga, munoona.

Woti, “Zvakanaka, ini—ini—ini handisati ndambozviona saizvozvo.”

<sup>210</sup> Zvakanaka, hama mudikani, ndinoda kuti undiratidze Gwaro rimwe chete apo munhu upi zvake. . . Ndakabvunza izvi kwemakore makumi matatu nerimwe ekushumira pasi rose, pamberi pemabhishopi nevakadaro, apo munhu mumwe chete, munhu mumwe chete akambobvira abhabhatidzwa neimwe nzira kunze kwemuZita raJesu Kristu. Uye munhu wese akange asina kubhabhatidzwa muZita raJesu, aitofanira kuuya obhabhatidzwazve muZita.

<sup>211</sup> Mwari aiva bedzi neZita rimwe chete, uye Zita raKe rinonzi Jesu. Aiva Mwanakomana waKe, Akatora Zita reMwanakomana waKe. Mwari! Zvino, Jesu, mutumbi wakange uri munhu. Tinovziviza izvozvo. Uyo akange ari Mwanakomana waMwari akange akaputirwa. Zvino hatitendi zvemhando yekuva mumwe chete, vanhu vanoti Mwari akaita semunwe wako. Tinotenda kuti kune hun- . . .hunhu hutatu hwaMwari. Hunhu hutatu hwaMwari, Mwari hwaakaratiidzwa mahuri. Asi kuna Mwari mumwe chete. Munoonaka? Ndizvozvo chaizvo. Hatitende. . . Tinotenda mune—mune. . .Regai ndizvitore seizvi, tinotenda kuti Mwari akararama mumahofisi matatu. Akanga ane hofisi panyika pane imwe nguva.

<sup>212</sup> Zvino, imi madzimai endai kurutivi *urwu*, imi varume endai kurutivi *urwu*, vari kugadzirira. Zvino vari kugadzirira shumiro yekubhabhatidza iko zvino.

213 Uye, zvino, Mwari akange aine mahofisi matatu. Imwe yacho yainzi Hubaba, kana mwaka waBaba; imwe yacho yainzi Humwanakomana; uye imwe yacho yainzi Mweya Mutsvene. Zvino, nhasi, ndeupi—ndeupi mwaka uyo Baba vari kushanda vari mauri nhasi? [Ungano inoti, “Mweya Mutsvene.”—Mupepeti] Mweya Mutsvene. Akange ari Ani mumazuva akapfuura? [“Jesu.”] Jesu. Akange ari Ani mumazuva ekumashure kwacho? [“Baba.”] Asi aingova Mwari mumwe chete! Ndizvo here? Iye ndiBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene. Ayo matatu, mahofisi matatu ayo aMwari mumwe chete. Mwari mumwe chete!

214 Asi zvino, Baba harisi zita, ndizvo here? Ndinoda kukubvunzai. Zvino ndinoda kukupai Mateo 28:19, apo Jesu akati, “Chiendai zvino, mundodzidzisa ndudzi dzose, muvabhabhatidze nemuZita,” (Z-i-t-a) “Zita raBaba . . .”

215 Zvino ndinoda kuona kuti munoziva Rugwaro rwenyu zvakadini. Mondiudza apo pandinobuda mumutsara. Zvino Akati kwavari, “Chiendai munyika yose, mundoparidza Vhangeri kuzvisikwa zvose. Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa. Uyo asingatendi achatongwa. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. MuZita raNgu vachadzanga madhimoni,” (zvese izvi ichokwadi here?) “vachataura nendimi itsva, vachabata nyoka.” Zvino ndichataura zvakanorwa, muna Mateo . . .

216 Zvino tererai. Ndiri kukumbira munzveri upi zvake wenhorondo. Zvino izvi zviripamatepi, izvi zvinoenda pasi rose. Ndiri kukumbira munzveri upi zvake wenhorondo kuti auye kwandiri andiunzire chinyorwa chipi zvachochegwaro, chero chinyorwa che . . . kana chisiri Gwaro, chero chinyorwa chipi zvachochegwaro kana nhorondo, ndima ipi zvayo yenhoroondo yakambobvira yaratidza kuti chero upi zvake muProtestanti, kuti mumwe munhu akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” kusvikira chechi yeChikatorike yazvigadza paKanzuru yeNicaea. Zvino zviripamatepi, zvinoenda pasi rose, mundimi makumi matatu nemanomwe dzakasiyana-siyana madzakadudzirwa. Ndichakubhadharira nzira yako yose yemhiri kwenyanza. Ndizvozvo chaizvo. “Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene” idzidziso yenhema, yekunyebedzera yeChikatorike, uye harwusi rubhabhatidzo rweChikristu. Ndizvo! Luther akarwuunza kubva muChechi yeKatorike, pamwe nekatekazi, Wesley akarwutora akaenda mberi narwo. Asi rino ndiro zuva rekuratidzwa kwevanakomana vaMwari, apo zvakananzika zvakanenge zvakananzwa kubva pamavambo enyika zvave kuzoziviswa. Ino ndiyo nguva yacho. Chokwadi.

217 Rangarirai, hapana kumbobvira pava nemunhu muBhaibheri akabhabhatidzwa muzita rokuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Kwemakore mazana

matatu shure kwekufa kwemuapostora wekupedzisira, hapana kumbvobvira paita akabhabhatidzwa muzita rokuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Vaiva . . . Ndakaverenga ese maviri *Pre-Nicene Fathers, The Nicene Council*, zvino kubva ipapo vakaronga yavanodaidza kuti “chechi yeChikristu yepasi rose” vachibva vaita sangano kubva mairi ndokumanikidza vanhu vose kupinda mairi, iyo yaiva chechi yeKatorike. Shoko iroro chairo rokuti *katorike* rinoreva “yepasi rose,” chechi yeChikristu yepasi rose, iri munyika dzese, chechi imwe chete inobata munyika dzepasi rose. Uye Chikristu ichi, vanomanikidzira vanhu kwachiri. Imomo vakatora, ndokubvisa Venus vakamutsiva naMaria. Vakabvisa Pauro . . . kana kuti Jupita, vakamutsiva naPauro. Chichingori chihedheni! Ndizvo. Chechi yeChikatorike yakabuda imomo, shure kwemakore mazana mashanu . . .

<sup>218</sup> Vane mutambo uri kuitwa zvino muLouisville, wa*Ben Hur*. Vakange vaine we*Mirairo Ine Gumi* nguva pfupi yapfuura. Ndaishuwa dai vamboita mumwe, kana vaikwanisa, wemakore chiuru nemazana mashanu emazera erima. Ndaishuva kuti dai vauita. Makore ane chiuru nemazana mashanu ekutambudzwa nemahedheni, apo vakamanikidza munhu wese uye vakavauraya, vakavaponda, vachivasungirira mudenga. Voisa nzombe kune rumwe uye imwe nzombe kune rumwe ruoko, vovaita kuti vasvepure muchinjikwa kana kuti vobva vatinha imwe nekuku kana kuti nekuku. Ndakaisa ruoko rwangu, imomo chaimo muSwitzerland, seri kwematanda uko kwavaimira vachivacheka rurimi rwavo vachivadaidza kuti varoyi nezvese zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo!

<sup>219</sup> Uye mweya mumwe chetewo uri kurarama nhasi. Unongova murawo wakangoubata. Mirai kusvika wawana rusununguko rwawo. Bhaibheri rakadaro. Ingomirai kusvika waratidza mavara ezvauri, unowana mukana wekuzviita. Munogona kutouvhotera munguva pfupi inotevera, pane zvose zvandinoziva. Maona? Uchadaro, uchauya. Hapana nzira yokuuvarhira kunze. Unotofanira kuuya. Ndizvozvo. Unotofanira kuuya, uri kuuya. Zvino kana wauya, imi chingotarisisai. Asi, hama, unoda kuziva chinhu chimwe chete ichi, ndinoziva Uyo wandakatenda. Hareruya! Uchinyatsofambira mberi. Munoono. Ndizvozvo.

<sup>220</sup> Pane nguva apo mu—apo munyori, apo ndakaudza munyori weLam- . . . weBhaibheri reLamsa—Lamsa, apo akatarisa akaona chiratidzo chiya chakare chaMwari, chakangoita saicho chaizvoizvo, madoo madiki matatu aiva machiri, ndikati, “Izvo zvii?”

Akati, “NdiMwari ari muhunhu hutatu.”

Ndikati, “SaBaba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene?”

Akanditarisa. Akati, “Unozvitenda here izvozvo?”

Zvino ndikati, “Hongu, changamire.”

<sup>221</sup> Akati, “Ndakaona kunzvera kuya husiku huya, ndakafunga kuti uri muporofita waJehovha.” Akati, “Mwari aropafadze mwoyo wako.” Akaisa ruoko rwake rwakandimbundira, akati, “Iye zvino ndave kuziva kuti ndizvozvo.” Akati, “Vanhu ava vemuAmerica havatombosivi kuti chii.” Akati, “Havatombosivi kana chinhu.” Akati, “Vari kuedza kutora Bhuku reKumabvazuva voriiita Bhuku reKumadokero kubva paRiri. Havatombosivi Bhaibheri ravo.” Akati, “Hakuna rimwe Zita rakapiwa pasi peDenga, hakuna rimwe Zita, nokuti munhu wese akangobvira abhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu. Hakuna chinhu chakaita sevanhu vatatu muna Mwari mumwe chete.” Zvino ava ndiHama Lamsa, Chiremba Lamsa, mududziri weBhaibheri reLamsa, vanova shamwari yepamwoyo yavaEisenhower nevole vamiririri vedzinyika vakuru, nezvakadaro, vakandimbundira, vakati, “Rimwe zuva vachakupfura nekuda kweizvozvo. Asi,” akati, “ranganzira, vanhu vose ava vakafira chinangwa.”

<sup>222</sup> Ndinoda kuva saPetro wekare apo akaiswa mutorongo. Makange muine mukomana wechidiki imomo akange asina kugadzikana. Zvino iye ndokuti, “Oo, zvaita sei?”

Akati, “Unoziwa kuti uchauraiwa here?”

Petro akati, “Ehe.”

Akati, “Saka, wakatarisana nokufa nhasi.”

Akati, “Ehe.”

Akati, “Saka, vari—vari . . . hausi kutya here?”

Akati, “Kwete.”

Akati, “Unofanira kunge uri mumwe weavo vavanodaidza kuti Makristu.”

Akati, “Ehe.”

Akati, “Chii chakaitika?”

<sup>223</sup> Zvino akamuudza, akagara pasi ndokumutaurira nyaya yacho. Ichienderera mberi, yave kupera, akati, “Zvino ndaigona kunge ndakasununguka mangwanani ano. Ndaigona kunge ndakaenda ndikanova nhengo yemamwe masanganano avo ndozobva ndaramba ndichirarama, unoona. Ndaigona kunge ndakasununguka. Asi pandaibuda pasuwo reguta, ndakaona Mumwe achiuya, achifamba achipinda. Ndakaziva kuti Aiva Ani. Ndakati, ‘Ishe, Muri kuendepi?’ Akati, ‘Ndiri kudzokera kunorovererwa zvakare.’” Ndokuti, “Ndakabva ndadzoka.”

<sup>224</sup> Ipapo vakati, “Ndiani anonzi Simoni Petro?”

Akati, “Ndiri pano!”

Vakati “Takumirira.”

Akati “Ndanga ndakatokumiriraiwo.” Ipapo akabva afamba achibuda.

<sup>225</sup> Mukomana uya akamubata pabendekeke, akati, “Mira zvishoma, Simoni; ndinogamuchirawo Mwari iyeye zvakare! Uye zvino handichatyi; regai ini ndive wacho anotevera.” Ndizvozvo. Hareruya!

Inoramba... Iri kujuja neropa, hongu, iri  
kujuja neropa,  
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja  
neropa,  
Ropa revadzidzi vakafira Zvokwadi,  
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene inoramba  
ichijuja neropa.

Wekutanga kufira ichi chirongwa cheMweya  
Mutsvene,  
Aive Johane Mubhabhatidzi, asi akafa  
somunhuwo;  
Zvino tevere Ishe Jesu, vakaMurovera,  
Akaparidza kuti Mweya waizoponesa vanhu  
kubva muchivi.

Paive naPetro naPauro, naJohane mutsvene,  
Vakapira hupenyu hwavo kuti Evhangeri iyi  
igopenya;  
Vakavhanganisa ropa ravo, se vaporofita  
vekare,  
Kuti Shoko raMwari rechokwadi ritaurwe  
zvakatendeka.

Pane mweya iri pasi pearitari, iri kuchema,  
“Ko kusvika rinhiko?”  
Kuti Ishe azoranga avo vakakanganisa;  
(Terera!)

Asi pachave nevamwezve vachapa ropa  
rehupenyu hwavo  
Nokuda kweEvhangeri iyi yeMweya Mutsvene  
uye namafashama ayo matsvuku.

Iri kujuja neropa, hongu, iri kujuja neropa,  
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja...  
ropa,  
Ropa revadzidzi vakafira Zvokwadi,  
Iri Vhangeri reMweya Mutsvene riri kujuja  
neropa.

<sup>226</sup> Rimwe Gwaro tisati taenda:

*... Uye vakati kuna Petro pamwe... vamwe vose,  
Varume nehama, tichaiteiko kuti tigoponeswa?*

*... Petro akati kwavari, Tendeukai, mumwe  
nemumwe wenyu uye abhabhatidzwe neZita raJesu*

Kristu *kuti mukanganwirwe chivi chenyu, uye muchagamuchira chipiwa choMweya Mutsvene.*

*Nokuti chipikirwa ndechenyu, navana venyu, navose avo vari kure, kunyangwe neavo vanozodanwa naShe Mwari wedu.*

<sup>227</sup> Ishe varopafadze zvino. Apo tave kubva tichienda. Munokwanisa kuona rubhabhatidzo patinenge...?...



*KUGADZWA* <sup>3</sup> SHO60-0522M  
(Adoption <sup>3</sup>)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEKUGADZWA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 22 Chivabvu, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)